



ANTÈN OUVRIYE (A.O)

MOUVMAN OUVRIYE AYISYEN AN NAN KALFOU LISTWA

RAPÒ ANKÈT SOU MOUVMAN OUVRIYE A AN AYITI

Dokiman sa a jwenn bourad:



2011

REMÈSIMAN

NAN PA PÒT

1. REZON KI MENNEN NOU FÈ ANKÈT LA

- 1.1 Reyalite sosyal moman an
- 1.2 Reyalite ekonomik peyi a
- 1.3 Kriz politik k ap boulvèse peyi a

2. DEMACH METODOLOGIK

3. KOUT JE SOU ETA REYÈL MOUVMAN OUVRIYE AYISYEN AN

- 3.1 Kondisyon travay ouvriye
- 3.3 Batay pou salè minimòm lan: espresyon lit ant klas yo nan sosyete Ayisyèn lan, nan kòmansman 21èm syèk la.
- 3.4 Kòz ak konsekans absans sendika nan antrepriz prive yo
- 3.5 Prezans ak reyalite sendika nan antrepriz piblik yo
- 3.6 Regwoupman santral sendika nan peyi a

4. AKTIVITE GWOUP K AP APIYE SEKTE OUVRIYE A

- 4.1. Antèn Ouvriye
- 4.2. Sant pou Pwomosyon Fanm Ouvriyèz CPFO
- 4.3. Lòt òganizasyon k ap travay nan sektè ouvriye a.

5. RASIN PWOBLÈM MOUVMAN OUVRIYE A.

6. KONPÒTMAN ENSTITISYON PIBLIK YO ANFAS MOUN K AP FÈ RECHECH

7. KÈK DETAY SOU FASON YO TE AKEYI YO PANDAN ANKÈT LA.

8. SITIYASYON OUVRIYE YO APRÈ 12 JANVYE 2010 LA.

9. KAYE REVANDIKASYON MOUVMAN OUVRIYE AYISYEN AN.

KOTE NOU YE, JODI A

DEGI

1. Pwojè lwa pou amande Kòd Travay la
2. Kantite lajan yon depite koute peyi a, parapò ak salè yon ouvriye.
3. Enfòmasyon: rapò seminè Wanament nan dat 28-29 novanm 2009.

REMÈSIMAN

Antèn Ouvriye (A.O), remèsi tout moun, tout gwoup, òganizasyon ak enstitisyon ki te ba nou kolaborasyon pou nou reyalize travay sa a sou mouvman ouvriye ayisyen an. Nou voye yon remèsiman espesyal pou Comite International Solidarite Ouvrière (CISO), Institut Culturel Karl Levêque (ICKL) ki te pèmèt nou jwenn mayen lajan pou reyalize ankèt la. Yon gwo remèsiman pou tout ouvriye ki te pran responsablite pataje kèk enfòmasyon avèk anketè yo, sou lavi yo ak sou antrepriz kote y ap travay la. Nou pwofite salye kouraj plizyè milye ouvriye ki te leve kanpe (kase chenn lesklavaj) nan faktori yo, pou yo te pran lari manifeste kòlè ak revandikasyon yo nan mwa dawout 2009 la, nan gwo mobilizasyon sou salè minimòm lan. San nou pa bliye anpil Ouvriye ak travayè ki viktim nan tranbleman tè 12 janvye 2010 la.

NAN PA PÒT

Ouvriye ak travayè nan kat kwen peyi a, se youn nan sektè ki te kòmanse òganize touswit apre soulèvman popilè 7 fevriye 1986 la ki te dechouke diktati makout Divalye yo. Soti 86 pou rive 90, ouvriye yo te rive kanpe sendika nan anpil antrepriz prive ak piblik nan peyi a. Se konsa nou te jwenn sektè ouvriye a te pote labanyè nan tout gwo lit ki make peryòd sa a. Men tou, fòk nou di, gen santral sendikal ki te trennen ouvriye yo al mare nan pye tab yon seri pati politik tradisyonèl. Lavalas la ale yon bann dirijan sendikal. Men, se sitou koudeta 1991-94 la ki ta pral kase ren mouvman popilè a, espesyalman sektè ouvriye a.

Sa fè plizyè lane depi lide fè yon ankèt sou mouvman ouvriye ayisyen an t ap bouyi nan tèt manm Antèn Ouvriye. Konsa soti nan mwa jiyè rive septanm 2009, nou reyalize ankèt la. Pou ranmase enfòmasyon yo, nou pale avèk 150 moun, ki se: ouvriye, manm ak responsab sendika, anplwaye Leta, chèf antrepriz, elatriye. Apre katastwòf 2010 la nou te fè yon pase men nan ankèt la. Pou travay sa te fèt, nou jwenn sipò lajan Comite International Solidarite Ouvrière (CISO) nan kad yon pwojè ak Instititit Culturel Karl Levêque (ICKL).

Ankèt sa a fè yon dyagnostik pasyèl sou mouvman ouvriye ayisyen an. Se pa yon otodyagnostik, paske, se pa tout sektè a ki chita pou gade tèt li nan glas. Youn nan rezon ki montre nesosite ankèt la, se paske gen anpil pawòl y ap di sou mouvman ouvriye a, men pa gen anpil bagay ki ekri sou sa. Objektif dyagnostik pasyèl la se rive wè eta reyèl mouvman ouvriye ayisyen an, pou nou wè kouman nou kapab patisipe nan relanse li.

Lè nou di mouvman ouvriye ayisyen an, nou wè tout ouvriye ak travayè, tout sendika ouvriye ki chita anndan antrepriz yo, òganizasyon travayè nan katye yo, nou wè santral, federasyon ak konfederasyon sendikal, nou wè gwoup k ap apiye ouvriye. Nou konsidere ouvriye ak travayè, ni nan sektè piblik la, ni nan sektè prive a.

Antèn Ouvriye pa met nan tèt li, ankèt la ka di tout bagay, ni touche tout pwoblèm nan mouvman an. Gen kesyon tankou : « èske nou ka di mouvman ouvriye ? » nou pa reponn. Gen moun ak òganizasyon ki pa dakò ak mo « sektè ouvriye a »?. Nou pa pote okenn eleman repons sou kesyon sa yo. Sèlman nou wè gen nesosite pou yon deba teyorik fèt sou yon bann kesyon. Men tou, nou kwè pi gwo deba ak aksyon yo dwe fèt sou kondisyon lavi ouvriye ak travayè yo. Se poutèt sa, nou vini ak yon pati temwayaj ouvriye yo nan travay ankèt sa a.

Pou ou pi byen konprann reyalite mouvman ouvriye ayisyen an, fòk ou gade l nan yon reyalite ki pi global, nan nivo nasyonal ak entènasyonal. Konsa, nan nivo nasyonal nou fè yon kout je sou pwoblèm sosyal ki genyen nan peyi a tankou : edikasyon, sante, lojman, pwoblèm pa gen sèvis piblik, pa gen travay, revokasyon nan antrepriz piblik yo. Nan nivo ekonomik nou gade yon seri pwoblèm tankou : kesyon manke pwodiksyon, mwayen moun yo pa genyen pou achte sa yo gen bezwen elatriye. Kriz politik ki genyen nan peyi a, dwa granmoun peyi a ki pèdi a, gouvènman restavèk k ap aplike politik neyoliberal tankou: privatizasyon antrepriz piblik yo... tout kesyon sa yo gen gwo konsekans sou lavi ouvriye ak travayè yo an patikilye epi sou mouvman ouvriye an jeneral.

Kòm Ayiti, se yon peyi ki anba depandans lòt peyi, kriz ekonomik k ap frape gwo peyi yo gen konsekans sou li. Kòm egzanp, 65 pousan bidjè peyi a soti nan èd kominote entènasyonal la. Sitiyasyon depandans peyi a ap vin pi grav chak jou pi plis.

Gwo patwon izin soutretans yo, an jeneral se Etazini yo chita. Gen moun ki rele patwon ayisyen yo, koutche. Antèn Ouvriye klè, soutretans lan pa kapab rezoud pwoblèm travay, ni devlope peyi a. Dayè, esperyans lane 1970- 80 yo deja montre sa, Sektè sa a te bay 70 mil anplwa konsa. Mete ak pwoblèm politik, sa te rale anviwon 300 mil moun soti an pwovens antre nan Pòtoprens. Se nan moman sa a, gwo bidonvil yo te kòmanse pouse nan Pòtoprens. Soutretans lan pa gen anyen pou l wè ak pwodiksyon nasyonal peyi a. Paske, matyè premyè yo soti nan peyi etranje, pwodwi final la retounen nan peyi etranje. Se sèlman fòs kouraj ouvriye yo vann pou

pwodwi machandiz ki rapòte patwon yo anpil milyon dola, alòske ouvriye yo menm al mouri tebe (pwatrinè) nan sanatoryòm.

Pou nou reyalize ankèt sa a, nou te sible yon seri sektè ki nan antrepriz prive ak piblik. Nan tou de sektè sa yo, nou te vize pale avèk dirijan, anplwaye, ouvriye ak travayè, sendita ouvriye. Nan ka antrepriz prive yo, malgre tout demach nou fè, swa nou pa jwenn okenn responsab, osinon sa nou jwenn yo, refize kareman pou yo pa pale avèk anketè yo. Se preske menm konpòtman sa a dirijan antrepriz piblik yo genyen. Nou gen yon grenn esepsyon, Tribinal travay te resevwa anketè yo epi li te ba yo enfòmasyon. Responsab nan ministè komès mande pou nou ekri minis komès la, pou mande li enfòmasyon yo ; nou te ekri, yo pa janm reponn. Se menm demach la anplwaye ministè Afè Sosyal te mande nou pou nou te fè bò kote Direksyon travay. Responsab ONA ak OFATMA ba nou plizyè randevou, men yo pa janm ban nou okenn enfòmasyon.

Sou baz esperyans sa a, kesyon n ap poze nan A.O, se pou ki sa dirijan kit nan sektè prive kit nan piblik yo gen mòd konpòtman sa a, konsènan enfòmasyon?

7

Nou te konte sou santral sendika yo, federasyon ak konfederasyon sendika yo, kòm prensipal patnè pou nou te reyalize ankèt la. Nou kapab di, genyen ki bay bon jan kolaborasyon, konsa tou, genyen ki fè nou mache anpil, ki ba nou kanmenm yon fòm kolaborasyon. Men, gen ladan yo ki pa janm chita avèk nou. Anketè yo te byen sezi, wè move konpòtman sa a bò kote kèk sendika ak gwoup k ap apiye Ouvriye ak travayè.

Pou sendika ouvriye ki ta dwe chita anndan antrepriz prive yo, nou te deja konnen sa pa te egziste ankò. Ankèt la sèlman vin konfime reyalyte sa a. Nan kesyon nou poze ouvriye yo, sou kòz ki fè pa gen sendita, yo di nou aklè se patwon yo ki pa vle tande pale kesyon sendika andedan izin yo. Depi patwon yo tande pawòl sendika a nan bouch yon ouvriye, yo revoke yo la menm. Konsa tou, gen gwo represyon, yon seri otorite nan sektè piblik la fè kont sendika yo; nou jwenn sa nan Près nasyonal, nan Lapòs, nan Achiv nasyonal. Alòske, **atik 225 kòd travay la di: Leta dwe garanti epi pwoteje**

nan kad lalwa dwa travayè yo genyen pou yo mete tèt yo ansanm pou defann enterè lejitim yo.

Youn nan prensipal aktè nan ankèt la, se ouvriye yo. Rankontre avèk ouvriye yo, se pa yon bagay ki fasil, paske yo pè pale avèk moun yo pa konnen. Patwon yo tabli yon sistèm siveye rapòte, pou idantifye tout ouvriye ki gen rapò ak gwoup k ap fè travay motivasyon, sansibilizasyon ak òganizasyon. Malgre tout difikilte sa yo, nou rive pale avèk plizyè dizèn ouvriye. Dapre deklarasyon ouvriye yo, se sitiyasyon mizè a, sitiyasyon pa gen travay nan peyi a, ki fè yo pè pou pawton yo pa revoke yo.

Tankou nou konnen sa, malgre presyon, represyon ak entimidasyon ouvriye Pak endistiyèl te leve kanpe epi pran lari, nan 4 gwo manifestasyon pou sèl mwa dawou 2009 la nan kad mobilizasyon sou salè minimòm lan. Antèn Ouvriye, kwè se te yon aksyon istorik nan kòmansman 21èm syèk la.

Fòk nou siyale, ankèt la te fèt nan moman gwo mobilizasyon anfavè salè minimòm 200 goud la. Sa gen gwo konsekans sou rezilta travay la. Paske gen kote anketè yo pase, yo jwenn moun ki di **“se nou menm k ap monte tèt ouvriye yo”**. Sa nou bay kòm repons se: **“nou pap monte tèt ouvriye yo, men nou fè tèt ansanm ak ouvriye yo, pou nou rive kraze sistèm kapitalis sovaj la”**

1. REZON KI MENNEN NOU FÈ ANKÈT LA.

1.1. Reyalite sosyal moman n ap viv la

Dapre chif Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmasyon (IHSE) bay nan dènye resansman 2003 a, peyi d Ayiti genyen anviwon 8,373,750 moun k ap viv sou 27750 kilomèt kare. Dapre menm sous enfòmasyon sa a, 37 pousan popilasyon ayisyèn lan ap viv nan departman Lwès la. Epitou, nan departman Lwès la, sou chak 3 moun gen 2 k ap viv nan vil yo. Nou deja konnen Leta pa gen okenn politik ni pou popilasyon an, ni pou amenajman teritwa peyi a. Jounen jodi a, gen malere ki kontinye ap fè 10, 11 pitit. Kidonk popilasyon an anpil, l ap ogmante chak jou. Se pou Leta ak sektè prive a ta kreye anpil pòs travay!

Gen plizyè sous estatistik ki montre, pousantay moun ki pap travay nan peyi a reprezante 80 pousan. Anpil moun pa konprann sou ki baz kalkil sa yo fèt. Sa ki klè, lè gen yon moun k ap travay nan yon fanmi, li responsab plizyè lòt moun. Sa vle di, nou nan yon peyi kote yon bò popilasyon an ap ogmante chak jou pi plis, yon lòt bò, chomaj, mizè ak grangou ap touye moun. Se kont move sitiyasyon sa yo, popilasyon an te fè yon gwo leve kanpe 8, 9 avril 2008. Manifestasyon sa yo te fèt nan plizyè departman nan peyi a, kote popilasyon an t ap rele aba grangou ak lamizè, aba aplikasyon plan neyoliberal la.

Konstitisyon 1987 la, nan atik 32-1 li di « **se pou Leta mete lekòl gratis pou tout moun** ». Alòske, youn nan pi gwo pwoblèm ouvriye, travayè ak tout mas pèp la genyen jounen jodi a, se kesyon pa ka peye lekòl prive pou pitit yo. Paske Leta pa mete ase lekòl piblik nan peyi a. Dapre chif sendika pwofesè yo bay, 85 pousan lekòl nan peyi a, se pou sektè prive a. Sa vle di, lekòl se zafè prive. Se yon gwo antrepriz ekonomik, yon gwo biznis ki rapòte anpil lajan. Mèt lekòl prive yo monte pri yo wotè yo vle, lè yo deside. Pa gen kontwòl Leta sou sa. Depi plizyè lane, gen yon seri lekòl ki mande paran peye an dola ameriken. Nou jwenn yon paran peye lekòl pou yon timoun, yon lane sèlman, anviwon 1500 dola ameriken plis anviwon 14 mil goud pou frè. Mete sou sa, direksyon lekòl yo vini ak yon kesyon

gradyasyon elèv ki pèmèt yo ranmase lajan nan men paran yo, plis lòt kòb yo mande chak fwa yo pral fè yon aktivite. Epi, chak lane mèt lekòl yo monte frè lekòl yo. Moun rele pifò nan lekòl sa yo, lekòl bòlèt, tèlman se yon seri bwat k ap deranje sèvo timoun yo. Nan nenpòt ti kay yon fanmi 3 moun te abite, yo mete yon swadizan lekòl, preskolè, primè ak segondè. Kesyon inivèsite a swiv menm demach lekòl bòlèt la.

Nan dat 7 novanm 2008, lekòl (La promesse évangélique) efondre, gen plis pase 90 elèv ak pwofesè ki mouri, anviwon 160 blese. Se yon kay ki te fèt pou moun abite, pastè (Augustin Fortain) deside mete 3 etaj sou li. Kay la chita nan yon bidonvil kote machin pa kapab rive. Dapre deklarasyon majistra Claire Lydie Parent, li te entèdi pastè a mete yon 3èm etaj sou kay la, pandan premye manda li a. Alòske, li vin retounen majistra li pa entèdi lekòl la fonksyone nan lokal la. Youn nan sa ki te endinye popilasyon an, se te konpòtman otorite yo devan katastwòf sa a, espesyalman konpòtman prezidan Rene Preval ki t ap tann èd kominote entènasyonal anvan yo manyen chay blòk siman ak fè ki te kouvri moun yo. Alòske, Minista nan la kòm yon fòs okipasyon kominote entènasyonal la nan peyi a. Se jis apre 4 jou, lè pa gen okenn posiblite pou jwenn moun vivan ankò, otorite yo te deside demoli rès kay la.

Leta pa gen okenn kontwòl sou fonksyonman lekòl yo. Men tou, minis ak lòt gwo responsab nan ministè edikasyon nasyonal, se mèt lekòl prive yo ye. Sa vle di, gen yon konfli enterè ak yon pwoblèm etik ki poze nan kesyon lekòl nan peyi a.

a) Kesyon kay pou moun rete, yon tèt chaje pou malere.

Kay pou moun rete, se yon gwo pwoblèm nan peyi a, yon gwo tèt chaje pou malere. Depi peryòd dezyèm okipasyon an, nan lane 1994, pwopriyete yo kòmanse lwe kay an dola ameriken. Se menm sitiyasyon an, nou jwenn ak 3èm okipasyon militè ki nan peyi a depi 2004. Pwoblèm kay la vin pi grav ankò apre katastwòf 12 janvyè a. Se vre, ouvriye ak travayè yo se nan katye popilè ak nan bidonvil y ap viv, men, pri kay la monte kèlkeswa kote li ye. Ouvriye ak travayè yo, pa gen kay pou yo rete. Leta pa genyen okenn pwojè

pou konstwi kay bay malere pou yo rete jan atik 22 konstitisyon 1987 la egzije pou sa fèt la. Depi nan lane 1982 genyen Antrepriz Piblik pou Pwomosyon Lojman Sosyal (EPPLS); Li pa fè anyen nan sa li te genyen kòm misyon. Alòske, jounen jodi a, kesyon lojman gen gwo enterè dèyè l. Se sa k fè plan rekonstriksyon Komisyon Enterimè pou Rekonstwi Ayiti (CIRH) la di aklè kesyon rekonstriksyon se zafè sektè prive a. Leta sèlman ap chache lajan bay sektè prive a pou yo fè plizyè santèn milyon ak milya dola nan sa CIRH rele mache lojman an. Lè sa a, nou ka konprann pou ki sa yo ansanm Gito Tousen, ansyen direktè Bank Nasyonal Kredi (BNC). Kriminèl touye direktè BCN a, yon jou anvan li ta pral lanse pwojè “**kay pa m**”, yon pwojè lojman sosyal bank lan te pral lanse. Ki donk, mafya ki kontwole sektè bank nan peyi a, manje Gito Tousen.

12 janvye 2010, mete abse sou klou.

Tout chif ofisyèl yo bay, katastwòf 12 janvye a kraze anviwon twa san mil (300 000) kay. Plis pase yon milyon twa san mil (1 500 000) moun lage nan lari. Yo oblije monte tant yo sou yon seri tè yo rele pwopriyete prive. Se konsa, nou vin jwenn plis pase 1000 kan tabli nan 3 depatman peyi a (Lwès, Sidès ak Nip), kote viktim 12 janvye yo ap viv.

Devan sitiyoasyon sa a, nan mwa mas 2010, Antèn Ouvriye te pran inisyativ tcheke plizyè òganizasyon pou yo te lanse yon deba sou pwoblèm kay nan peyi a. Diskisyon yo montre gen nesosite pou kreye yon estrikti pou ranmase epi pote revandisyon kay la. Se konsa, nan dat 10 avril 2010 ansanm òganizasyon yo te deside mete kanpe Mouvman Popilè pou Altènativ pa Nou (MOPA N). Nan mwa jiyè 2010, asanble regwoupman an te pran desizyon chanje non an: “Fòs Refleksyon ak Aksyon sou Koze Kay” (FRAKKA). Nan dat 23 septanm 2010, FRAKKA te reyalize yon asanble kote 19 òganizasyon ak komite kan, vote estati regwoupman an. Se premye fwa nan listwa lit sosyal nan peyi a, gen yon mouvman ki ranmase epi pote pwoblèm kay la kòm yon revandisyon fondamantal. Se poutèt sa FRAKKA di prensipal misyon l se: “**fè pwoblèm kay la tounen chwal batay mas popilè yo**”

b) Kesyon sante

Ouvriye, travayè ak tout mas pèp la, pa gen dwa jwenn bon swen sante. Sèvis sante privatize nan gwo vil yo. Nan Pòtoprens, yon moun bezwen ant 1000 a 2000 goud pou konsiltasyon. Si medsen an ba ou fè yon analiz, lè ou pote rezilta analiz la, ou gen pou peye mwatye kòb konsiltasyon an. Malere pa kapab mete pye nan lopital prive yo ; alòske, yo pa kapab jwenn sèvis nan lopital piblik yo. Lopital piblik yo toujou gen anpil moun, sa mande pou pèdi anpil tan epi medsen yo pa toujou vin travay. Yo konn parèt, yo pran kèk pasyan, epi rapid yo met deyò. Paske, menm medsen sa yo ap fè kòb nan lopital prive. Men, sa k pi grav la, pi fò medsen nan peyi a, se lajan ki pi enpòtan pou yo, se pa moun. Mete sou sa, medikaman yo chè anpil; souvan gen moun ki achte yo tou ekspire.

Se tout tan nou tande materyèl ap pèdi nan lopital piblik yo, espesyalman nan lopital jeneral. Men, ou pa janm tande ni ki moun lajistis arete, ni ki moun responsab yo revoke pou vòlè materyèl. Sa vle di, gen responsab ki enplike nan vòlè materyèl lopital jeneral pou yo mete nan lopital osinon klinik prive pa yo. Pa egzanp, nan mwa jen 2006, Prezidan Chili a, Michèl Bachlè, fè lopital jeneral kado yon aparèy andoskopi, yo vòlè aparèy la anndan lopital la., responsab yo sèlman transfere medsen ki te vòlè materyèl sa a nan yon lòt lopital pou li ale kontinye vòlè.

Nan lane 1996 plis pase 60 timoun mouri anba yon maladi (ensifizans renal) akòz yo bwè afebril, yon medikaman Laboratwa Faval pwodwi. Dapre anbasad Almay, konpayi alman Famasi Faval di ki vann li pwodwi ki fè medikaman an, se yon laboratwa ki fè pwodwi chimik, men pa egzatman pwodwi famasi. Responsablite yo pa janm tabli. Laboratwa a rekòmanse travay. Leta pa janm di ki mezi li pran pou li kontwòle fabrikasyon medikaman nan peyi a.

1.2. Reyalite ekonomik peyi a

Nan fen lane 2011 lan, nou bezwen ant 41 ak 43 goud, pou nou gen yon (1) dola ameriken. Ki fè, goud la sou wout pou li retounen zòrèy bourik. Alòske, chak lane nou oblije jwenn plizyè milyon dola pou n voye achte sa nou bezwen nan peyi etranje. Paske, peyi a manke pwodwi. Leta Ayisyen pa gen okenn politik devlopman pou peyi a. Se anba dikte kominote entènasyonal dirijan Ayisyen yo mache. Se konsa, Leta antre tèt bese nan aplikasyon plan neyoliberal gwo peyi enperyalis yo defini pou ti peyi tankou Ayiti. Sa yo rele boujwazi nan peyi a, investi lajan li nan vann sèvis (jan bank ak ponp gazolin pouse kou djondjon), nan achte ak vann deviz etranje, nan kontrebann. Pwodiksyon nasyonal pa enterse boujwa yo. Yo pito fè kontrebann. Se konsa nou wè pwodwi dominiken anvayi mache Ayisyen an. Moun prèske pa ka jwenn pwodwi agrikòl ak fwi pou achte nan mache Pòtoprens.

a) Nan aplikasyon plan neyoliberal la, dirijan Ayisyen yo chanpyon.

Depi sou rejim makout Jan Klod Divalye a, yo kòmanse aplike plan neyoliberal la nan peyi a. Avèk masak kochon kreyòl nou yo, gouvènman ayisyen avèk gouvènman ameriken detwi ekonmi payizan yo. Sa te kontinye sou rejim tranzisyon yo, nan lane 1986-1990 yo, espesyalman sou Anri Nanfi, Wilyam Regala, lè minis finans Lesli Delatou fèmen ENAOL (ki te konn fè lwil}, Izin Sik Dabòn (nan Leyogán) ak izin sik WELCH (nan Nò) , lè li privatize HASCO (nan Pòtoprens). Nouvo mèt HASCO a senpman achte sik pou li mete nan sak ak nan sachè, nan izin nan. Sektè prive a fèmen lòt izin pwodiksyon ak transfòmasyon tankou: FALCOLEF (yon antrepriz ki t ap pwodwi epi transfòme tomat pou fè pat tomat) ki te chita nan komin Kavayon nan depatman Sid la.

Sa vle di, yo revoke plizyè milye ouvriye ki t ap travay nan izin sa yo. Mete sou sa, plizyè milye plantè kann, plantè tomat vin pa kapab fè anyen ak pwodiksyon yo.

Nou kapab wè, prezidan Rene Preval se pi gwo chanpyon nan aplikasyon plan lanmò a. Nan dat 23 me 1996, Rene Preval prezidan, Rony Smarth premye minis, Fred Joseph minis finans ak Gérald Mathurin minis agrikilti angaje Ayiti fòmèlman nan pwojè neyoliberal la, lè yo siyen akò avèk Michel Camdessus, direktè Fon Monetè Entènasyonal (FMI). Nan dat 14 oktòb 1997 premye minis Rony Smarth, siyen kontra pou privatize Minotri. Kontra sa a, vin fè minotri tounen yon antrepriz ekonomik miks, kote Leta asosye avèk sektè prive ayisyen ak etranje. Selon sa lalwa di sou mòd antrepriz sa yo, se asosye ki mete plis lajan an (sa vle di ki genyen plis aksyon yo) k ap kontwòle antrepriz la. Nan ka ansyen Minotri ki vin tounen Moulen d Ayiti a, envetisè prive yo gen 70 pou san, Leta gen 30 pousan. Sa vle di, Leta pa gen okenn kontwòl, ni li pa kapab pran desizyon sou antrepriz la. Epi, yo byen ranje kò yo, depi nan lwa sou privatizasyon an, pou Leta soti aksyonè minoritè. Yo jij epi yo pati an menm tan. (Loi sur la modernisation des entreprises publiques. Art:27:L'Etat peut détenir plus de 50% et pas moins de 20% du capital de la société d'économie mixte.

Responsab Konsèy Modènizasyon Entrepriz Piblik yo (CEMEP) te fè konprann Leta Ayisyen pa gen mwayen pou fè Minotri mache li menm sèl. Alòske, dapre etid yon òganis Kanadyen (Concertation pour Haïti) te reyalize an 1996, 1 milyon dola sèlman t ap mete izin lan an mach. Sa vle di, kesyon Leta pa t gen kòb pou fè Minotri mache a, se yon blòf, yon pretèks, yon konplo pou yo vann antrepriz Leta yo. Kontra a te di aklè, pou Leta revoke tout ansyen ouvriye ki t ap travay nan izin lan. Se pou sa, 14 oktòb 1997, byen bonè nan maten, prezidan Preval voye yon kòmandò CIMO ale okipe lokal izin lan. (Jounal Libète n0 267, 19 novanm 1997).

Y ap fè gwo pwopagann, pou di Siman d Ayiti rapòte Leta lajan. Nou kapab fè yon ti kalkil pou kont nou. Nan lane 1991, yon sak siman t ap vann 75 goud, jounen jodi a, privatizasyon an mete sak siman an 300 goud. Nan lane 1997, popilasyon an t ap peye yon sak farin 400 goud, an 2010 la, sak farin lan ap vann 1300 doud.)

b) Zòn franch, se pa yon solisyon pou Ayiti

Ki sa yo rele yon zòn franch?

Sa yo rele yon zòn franch, se yon gwo moso tè anndan yon peyi, pi fasilman nan yon peyi yo rele peyi soudevelope, Leta peyi sa yo remèt yon seri gwo konpayi pou yo fè swadizan pwodiksyon endistriyèl. Konpayi sa yo se pa pou peyi a, se boujwa etranje, oubyen se konpayi miks, sa vle di konpayi etranje ki bay kèk nèg peyi a osinon Leta peyi a yon zo, pou yo souse.

Pou gwo konpayi miltinasyonal sa yo vin chita nan peyi pòv yo, yo egzije Leta peyi sa yo ba yo avantaj bab ak moustach. Men kèk nan avantaj yo bay konpayi ki nan zòn franch yo:

1. pa peye taks ditou, oubyen pa peye $\frac{3}{4}$ taks nòmalman lòt konpayi anndan peyi a sipoze peye.
2. pa peye taks sou kapital, manman lajan an, ni sa yo rele taks sou benefis lajan an, sou revni.
3. dwa pou yo ranmase ni manman lajan ni benefis retounen yo lòtbò dlo, olye yo ta sèvi pou louvri travay nan peyi a.
4. fasilite pou yo jwenn enfrastrikti, egal tout sa pwodiksyon an bezwen tankou: lokal, elekrisite, dlo, wout, pò pou yo debake machandiz ak tout sa gwo konpayi ki deside vini yo, reklame.
5. fasilite pou yo ranmase mendèv, fòs travay bon mache, nan nenpòt kondisyon san Leta pa foure bouch li.
6. garanti ouvriye ak tout kalite lòt travayè pap ni revandike ni òganize.
7. garanti Leta ap fèmen je l sou sa yo rele nòm travay yo, sa vle di kondisyon travay, metòd travay gwo konpayi yo ka itilize pou fè ouvriye yo ponn machandiz la.
8. leta ka bay fasilite pou fè fòmasyon pou yon ti ponyen ouvriye pwofesyonèl gwo konpayi yo ka bezwen.
9. sa rive deja, kote gwo konpayi yo jwenn otorizasyon pou se yo ki fè lapolis sou tout teritwa nan blòk kote yo enstale. Nan CODEVI S.A, zòn franch ki Wanament nan depatman Nòdès la, li chita nan plenn Maribawou, sou teritwa ayisyen an, men se lapolis dominiken ki vin fè represyon sou ouvriye k ap revandike yo.

Lè n konsidere tout avantaj sa yo Leta ayisyen bay konpayi miltinasyonal yo, n ap mande kisa peyi jwenn kòm benefis?

Pou nou klè nèt, n ap di yon zòn franch nan peyi pòv yo, se yon ti peyi granmoun anndan yon pi gwo peyi restavèk. Zòn franch lan pa pwodwi pou peyi pòv kote l chita a. Li pwodwi pou yo voye nan peyi etranje, sa peyi etranje yo mande yo pwodwi. Dayè, se pa avèk materyo peyi pòv yo, yo sèvi. Tout materyo zòn franch yo soti nan peyi etranje, pou yo retounen nan peyi etranje. Yon lè konsa, yo ka deside vann yon ti pousantay, lage yon piyay pou moun peyi pòv yo, lòtbò teritwa zòn franch lan.

Se paske zòn franch lan pwodwi pou ekspòtasyon prensipalman ki fè sikilasyon pa ka fèt lib e libè anndan l. Se pa yon kote sitwayen peyi a gen dwa pou yo mache, lè yo vle. Pou ou ale anndan zòn franch lan, jeneralman fòk ou gen otorizasyon kòm travayè, anplwaye, oubyen fòk ou se etranje ki pral achte avèk paspò ou nan men ou. Lè sa a, ou pa soti avèk machandiz la nan men ou. Se nan ayewopò oubyen nan bato machandiz la ale dirèk. Se yon fason toujou pou kontwòl fèt andedan zòn franch lan.

Istwa zòn franch nan peyi d Ayiti.

Nan lane 1970, nan yon rapò USAID fè sou Ayiti, li rekòmande fè zòn franch, mete faktori nan Pòtoprens, epi li di se wout pou devlope peyi a (tèks Graswoot intènasyonal). Nan lane 1974, gouvènman Jan Klod Divalye a pibliye yon lwa sou kreyasyon zòn franch an Ayiti. Se konsa, nan lane 1980 yo, Leta Ayisyen antre nan konstriksyon pak endistriyèl. Se nan menm sans lan, nan lane 1981 li kreye “Société Nationale des Parcs Industriels (SONAPI) » ki chita nan depatman Lwès la, sou wout Ayewopò a. Pak endistriyèl la chita sou 54 ekta tè, li gen ladan li 47 bilding, li kapab bay 12,000 moun travay.

Se nan lane 2003 Aristid prezidan ayisyen avèk Ipolito Meyiya prezidan dominiken poze premye pyè pou konstriksyon (Compagnie de Développement Industriel, S.A. (CODEVI.S.A) nan plenn Maribawou,

Wanament, nan depatman Nòdwès la. Yo fè nan yon plenn ki kapab pwodwi manje., alòs ke, pa twò lwen, gen espas ki pa bon pou agrikilti.

Kondisyon travay nan zòn franch yo

An jeneral, move kondisyon travay nan zòn franch yo se menm ak sa nan faktori nan peyi d Ayiti yo: pwoblèm salè ouvriye yo ki ba, pwoblèm swen sante travayè yo pa jwenn, pwoblèm orè travay, pwoblèm sipèvizè k ap maltrete ouvriye, pwoblèm yon tarif ki twò wo pou ouvriye yo, pwoblèm djòb la ki pa asire, nenpòt ki lè patwon revoke yo.

c) Politik neyoliberal

Nan yon atik li pibliye 7 avril 2005 « **João A. Peschanski** » yon militan mouvman peyizan san tè MST nan peyi Brezil, deklare « HAÏTI : LA PLUS GRANDE EXPRESSION DU NÉOLIBÉRALISME »

Men yon paragaf nou tradwi nan atik la: « Imajine paradi neyoliberalis la. Yon kote lwa k ap aplike, se sa yon seri antrepriz deside. Antrepriz ki kontwole lwa yo ak tout fòs lame yo. Kote benefis ak privilèj gwoup ak kominote yo limite, paske se gwo antrepriz yo k ap deside. Kote Leta nan men yon gouvènman ki konplis, ki bay òganis finansye entènasyonal ak moun k ap dirije antrepriz yo tout pouvwa pou yo pran tout kalite desizyon sou zòn lan. Kote tout pwodisyon yon seri travayè yo esplwate jouk nan zo reyalize, ale antre nan pòch yon ti gwoup moun ki pi rich sou latè. Se militè dominiken ki vin fè represyon kont manifestasyon ouvriye yo, alòske zòn franch lan sou teritwa Ayisyen. Leta Ayisyen bay konpayi dominiken an kat blanch pou l fè sa l vle ».

Depi CODEVI. S.A inogire, nan mwa desanm 2003, ouvriye kòmanse fè manifestasyon ak grèv pou yo egzije pou patwon yo aplike lwa ki nan kòd travay ayisyen an, epi pou yo sispann represyon kont ouvriye yo. Kòm repons, premye janvyè 2004 patwon yo revoke 34 manm sendika a. Nan mwa jen yo revoke 370 ouvriye, pami yo plizyè manm sendika SOKOWA a. Apre plizyè mwa mobilizasyon, an fevriye 2005 direksyon CODEVI.S.A siyen yon kontra avèk kòdinasyon SOKOWA. Nan akò sa genyen:

- Dwa pou ouvriye fè sendika dapre Kòd Travay ayisyen an
- Angajman direksyon CODEVLS.A pran pou okenn fòs militè pa rantre nan atrepriz la vin fè represyon sou ouvriye yo.

Gen yon lòt pak endistriyèl prive nan depatman Lwès la ki rele (Parc Commercial et Industriel, SHODECOSA) pou fanmi Mevs yo. Li genyen 30 batiaman endistriyèl andedan l.

Gen yon zòn franch k ap konstwi ki rele « Société Générale de Développement, S.A. (SOGEDEV). Yo batize li Nouveau Kiskeya Free Zone.

d) Eskandal koripsyon, youn nan mak fabrik pouvwa nan peyi a.

Ayiti gen repitasyon youn nan peyi ki pi kowonpi nan mond lan. Kit se rapò “eritaj”, youn branch “Transparency International” kit se rapò gwo peyi oksidantal yo, Ayiti toujou youn nan dènnye, nan klasman peyi yo. Gwo peyi oksidantal yo pa byen plase pou yo bay leson anti koripsyon, paske yo kreye sityasyon koripsyon an. Men tou, nou rekonèt gen yon nivo koripsyon nan peyi a moun pa dwe asepte.

Nan lane 2007, Bank Santral deklare SOKABANK fè fayit. Leta akize youn seri dirijan bank lan ki vòlè plizyè milyon dola. Pou anpeche tout sistèm lan fè fayit, Leta pran plizyè milya goud nan Bank Santral bay SOKABANK epi li fè Bank Nasyonal Kredi (BNC) ranmase kadav la. Gen non plizyè senatè ak depite ki te site kòm moun ki te jwenn lajan pou yo te vote an favè dosye SOKABANK lan. Alòske, se sèl Frank Sine ak kèk manm Konsèy administrasyon SOKABANK lajistis te arete. Yo pase anviwon 2 lane nan prizon.

Ofis Asirans Vyeyès ONA, se youn nan enstitisyon ki genyen youn gwo eskandal koripsyon ki te pete nan lane 2009 la.. Pakè Pòtoprens akize direktè ONA a, Sandro Jozèf, kòm moun ki detounen lajan enstitisyon an. Pakè a te arete direktè a, mete li nan prizon. Pandan peryòd la, gen youn lis k ap sikile ak non 13 moun ki prete 945 milyon goud nan ONA, pou yo fin peye ant 18

pou rive nan 32 lane. Pami non moun sa yo, gen plizyè senatè, sè ak zanmi prezidan Rene Preval. Gen 2 nan senatè yo ki pale nan radyo epi ki pa demanti enfòmasyon sou enplikasyon yo nan dosye ONA, se poutèt sa nou site non yo:

a) Jozèf Lanbè

Senatè Jozèf Lanbè deklare, madanm li abitwe prete lajan nan ONA. Fwa sa a, li prete 7 milyon goud pou l fin peye sou 25 lane.

b) Keli Basyen

Prezidan chanm sena a, li menm tou, deklare li abitwe prete nan ONA, li toujou remèt kòb li prete. Fwa sa a, li prete 176 milyon goud, pou l fin peye nan 30 lane.

Alòske gouvènman an mennen yon gwo batay pou anpeche ouvriye yo touche 200 goud kòm salè minimòm, 945 milyon goud ki se san ak swè ouvriye separe nan fanmi pouvwa a. Men nan ki sitiyasyon koripsyon n ap viv, nan peyi a.

Lòt ka koripsyon yo site anpil ankò se sa nan OAVCT a, kote sendika nan bwat la denonse direktè a kòm moun k ap vòlè lajan Leta. Direktè a revoke tout manm direksyon sendika a. Prezidan Rene Preval te mande pou OAVCT kontinye peye anplwaye direksyon an revoke yo, annatandan yo menen yon ankèt sou enstitisyon an. Anba presyon manm sendika yo, kou siperyè kont rive fè yon odit nan OAVCT. Rapò odit la montre gen koripsyon vrèmanvre nan OAVCT. Men, yo pa janm ni arete ni revoke direktè OAVCT a.

1.3. Reyalite politik k ap boulvèse peyi a

Pi gwo pwoblèm politik peyi a jounen jodi a, se kesyon okipasyon militè etranje yo. Yon lòt fwa ankò peyi d Ayiti pèdi souverènte li. Nan espas 10 lane, Ayiti pran 2 okipasyon militè etranje anba kouvèti Nasyonzi. Nou pa pral rebran yon bann enfòmasyon tout moun deja konnen. Nou sèlman ap pote kèk eleman pou nou kontinye analize reyalite politik la, nan sektè popilè a.

30 septanm 1991, apre 7 mwa Lavalas t ape dirije peyi a, militè yo bay yon koudeta ak jeneral Rawoul Sedras, jeneral Biyanbi ak kolonèl Michèl Franswa, nan tèt yo. Pandan anviwon 3 lane, militè ak manm FRAP touye plizyè milye moun, sitou manm òganizasyon baz, yo òganize masak nan zòn tankou Site Solèy ak Raboto. Plizyè milye moun te mawon osinon pati kite peyi a. Malgre represyon ak lanmò, anbago kominote entènasyonal la, mas popilè yo reziste. Poutan, Aristid chwazi retounmen nan peyi a anba bòt militè ameriken, nan dat 15 oktòb 1994. Apre sa, vin gen yon fòs militè miltinasyonal ONU t ap dirije. Ayiti te anba 2èm okipasyon, nan listwa li.

Rejim Lavalas la òganize yon gwo kanpay pou Aristid pase « 3 lane li te pèdi yo » sou pouvwa a. Anba presyon kominote entènasyonal la, Aristid te oblije òganize eleksyon. Se konsa li pase pouvwa a bay Rene Preval, an fevriye 1996. Gen plizyè krim ki te make premye manda Rene Preval la, pami yo nou ka site 2 sa yo: se lanmò Pè Tijan Pyèlwi 3 dawou 1998 ak lanmò Jan Dominik 3 avril 2000

Eleksyon pou renouvle 1/3 sena a te fèt nan dat 6 avril 1997, gen 2 sèl kandida Fanmi Lavalas ki pase nan premye tou (Yvon Feuille nan depatman Sid ak Fourrel Celestin depatman Sidès). Lòt yo te pase nan 2èm tou. Opozisyon an te pwoteste kont rezilta eleksyon yo. Yo rele senatè ki te soti nan eleksyon sa yo, senatè konteste, yo pa te janm rive antre nan Palman an. Nan mwa janvye 1999, prezidan Preval te di li konstate manda yo pran fen.

Apre divès tantativ, anba presyon kominote entènasyonal la, gouvènman an òganize eleksyon pou palmantè ak kolektivite teritoryal yo, nan dat 21 me 2000. Anvan Konsèy Elektoral la bay rezilta, opozisyon an te deja denonse magouy ki te genyen nan eleksyon yo. Epi, pi fò pati politik yo pa te patisipe nan dezyèm tou eleksyon yo ki te fèt nan mwa jen 2000. Prezidan Konsèy elektoral la te kouri kite peyi a.

Nan fen premye manda sa a, Preval òganize yon eleksyon jis pou l repase pouvwa a bay marasa li, Aristid. Se te yon vrè komedí. Se patizan Lavalas sèlman ki te patisipe nan eleksyon sa yo. Tout pati politik yo te denonse eleksyon an epi yo pa te patisipe. Divès nan pati politik sa yo mete kanpe

(Konvèjans demokratik), ki mete Jera Goug presidan yo, yon fason senbolik. Nan dat 15 desanm 2002, Konvèjans Demokratik la prezante yon altènativ bay gouvènman Lavalas la ki te genyen 4 pwen sa yo:

- Chwa yon prezidan pwovizwa k ap soti nan Lakou Kasasyon, apre antant ant diferan sektè nan klas politik la ak nan sosyete sivil la.
- Fòmasyon yon gouvènman tèt ansanm avèk yon premye minis nou dakò sou tan li pral dire.
- Fòmasyon yon konsèy konsiltatif ki ap konpoze ak divès manm sosyete sivil la, ak sektè politik yo
- Siyati yon potokòl akò ant prezidan pwovizwa gouvènman tranzisyon an, sosyete sivil la ak pati politik yo.

Konsekans eleksyon senatè, Gouvènmem Preval la te òganize nan lane 2000.

Klas politik tradisyonèl la te konteste eleksyon senatè Aristid te òganize nan lane 2000 yo. Òganizasyon Eta Ameriten OEA pa t rekonèt eleksyon sa yo. Se konsa peyi a retounen nan yon lòt gwo kriz politik. Divès pati politik tradisyonèl regwoupe tèt yo nan “Konvèjans Demokratik” ki fòme opozisyon anfas Lafanmi Lavalas. 28 jiyè 2001, patizan gouvènman lavalas la kouri bri yon koudeta. Kòm kou a pa t byen monte, sa pa te mache. Byen bonè nan maten 17 desanm 2001, jounalis Jacques Maurice anonse gen yon gwoup moun ak zam ki antre Palè nasyonal vin bay Aristid yon koudeta. Militan fanmi lavalas yo pran lari, yo boule lokal KONAKOM, KID, OPL, ALAH ak CRESFED. Yo boule epi piye kay Viktò Benwa ak Jera Pyè Chal. Apre sa, gouvènman Aristid la bay chak pati politik yo yon milyon goud kòm dedomajman. Men pa te gen okenn sanksyon kont moun ki te fè dezòd yo.

Mobilizasyon kont rejim lavalas la kontinye kote vin genyen yon regwoupman òganizasyon sa yo rele sosyete sivil la, ki rele tèt li Gwoup 184 ak Andre Apèd kòm lidè. Pou listwa n ap raple UNNOH ak MPP te nan 184 la. Kòm etidyan yo te antre nan mobilizasyon kont Aristid la, 5 desanm 2003, chimè lavalas ak lapolis debake nan Fakilte Syans Imèm, yo te bat

moun, kase pye rektè Pakyo epi kraze materyèl fakilte a. Zak sa a te revòlte konsyans tout kominote inivèsite a ak sektè popilè a.

Nou te prèske antre nan yon lagè sivil ant lapolis plis chimè lavalas ki te gen anfas yo, ansyen militè yo ak Gi Filip kòm chèf yo, yon seri pati politik tradisyonèl ki te nan Konvèjans Demokratik la. Kominote entènasyonal la te dèyè mouvman leve kanpe kont Aristid la. Nan Lasiri, yon katye popilè nan vil Senmak, patizan lavalas yo te touye plizyè dizèn moun epi mete dife nan kay yo. Apre ansyen militè yo te fin okipe plizyè komisarya nan peyi a, yo ta pral avanse sou Pòtoprens. Se konsa, nan lannuit 29 fevriye 2004, gouvènman ameriten, gouvènman kanadyen ak gouvènman fransè fè Asistid siyen demisyon li epi yo pati avèk li ale nan peyi etranje. N ap raple Aristid t ape mande pou peyi Lafrans remèt Ayiti 21 685 155 571,48 dola ameriken. Paske Lafrans te fè gouvènman Ayisyen peye 190 milyon fran kòm dedomajman pou l rekonèt endepans nou te pran anba grif kolon fransè yo. Kesyon sa a te agase gouvènman fransè, ki fè yo te vin gen gwo pwoblèm avèk Aristid.

Se nan kontèks sa a, depi premye jen 2004, Ayiti anba yon 3èm okipasyon militè etranje, pandan nou ta dwe ap komemore 200 lane endepandans peyi a. Se rezolisyon 1542 Konsèy Sekirite Nasyonzi te pran 30 avril 2004 la, ki otorize fòs okipasyon an antre an Ayiti. Se yon gwo souflèt marasa nou pran nan men kominote entènasyonal la, ki pa janm padone Ayiti kòm premye peyi nwa kote esklav fè yon revolisyon. Pou kominote entènasyonal la, Ayiti se yon move modèl pèp rebèl lòt peyi nan Amerik Latin lan te swiv, pou yo te soti anba kolonizasyon.

Youn nan premye gwoup ki viktim anba fòs okipasyon an se Antèn Ouvriye. Fòs Miltinasyon Enterimè a te genyen militè ameriken, kanadyen ak fransè. Militè ameriken yo te debake 23 avril 2004 nan lokal Antèn Ouvriye nan ri Montalè, nan dat 23 avril 2004. Yo te kaze brize; yo te vòlè anviwon 40 mil goud pou Tèt Kole. Lè nou te pwoteste, denonse zak la nan radyo, chèf militè yo te di (se yon erè yo te fè). Nou te rele yo lajistis, anbasad ameriken di li pap remèt lajan an akòz nou pa t genyen papyè rekonesans legal. Men tou, an reyalyte fòs okipasyon yo gen iminite. Okenn tribinal nan peyi a pa kapab jije yo.

Oganizasyon Nasyonzini (ONU) te mete avèk Oganizasyon Eta Ameriken (OEA) pou yo te kreye yon “konsèy saj”.

Aprè yo fin fòse Aristid siyen demisyon li epi anbake ale nan peyi etranje, ONU ak OEA kreye yon konsèy saj nan dat 5 mas 2004. Nan dat 9 mas, konsèy la mete yon premye minis, Jera Latòt;. Se yon teknokrat ki te pase tout vi li nan peyi Etazini.

Men non moun ki te nan konsèy la ak nan sektè yo soti.

Non ak siyati moun yo	Sektè kote yo te soti
Lamartine Clermont	Legliz katolik
Anne Marie Issa	Sektè prive
Danielle Magloire	Dwa moun
Paul Emil Simon	Fanmi Lavalas
Christian Rousseau	Inivèsite Leta Ayisyen
Ariel Henry	Pati politik opozisyon

Nan eleksyon 7 fevriye 2006 la, te gen 35 kandida pou plas prezidan, Jean Jacques Sylvain mouri, se te prezidan Parti Industriels Travailleurs Agricoles Haïtiens (PITACH, Frantz Perpignant ki soti nan Pati Demokrat Kretyen (PDCH) te wete kò l nan kanpay la. Sou 33 ki kandida ki rete, se Rene Preval ki pase kòm prezidan avèk 48.5 pousan vwa, Lesli Maniga 12.40 pousan vwa an dezyèm pozisyon, Chal Anri Bekè 8.24 pousan vwa an 3èm pozisyon, Jean-Chavannes Jeune 5.59 pousan, Luc Mesadieu 3.35 pousan, Evans Paul 2.49 pousan, Serges Gilles 2.62 pousan, Paul Denis 2.62 pousan, Luc Fleurinor 1.90 pousan, Guy Philippe 1.92 pousan. Sa vle di, gen 23 kandida ki pa fè 1 pousan vwa nan eleksyon yo. Alòske, tout kandida sa yo jwenn lajan Leta pou yo fè kanpay.

Lendi 8 fevriye byen bonè nan maten, popilasyon Laplèn te jwenn yon bann bwat bilten nan fatra. Yon gwo sektè nan popilasyon an te mobilize; yon manifestasyon te monte nan otèl Montana; moun yo t ap chache Jak Bèna, direktè sant tabilasyon ki responsab bilten yo. Anba presyon mas popilè yo, Kominote Entènasyonal la mande pou Konsèy Elektoral la kite liy lwa

elektoral la, separe bilten blan bay kandida epi pibliye yon rezilta kote yo te di kandida Lespwa a te genyen eleksyon yo.

Prezidan Lespwa te chwazi, yon lòt fwa ankò, Jak Edwa Aleksi kòm premye minis. Yo te fòme sa yo te rele (yon gouvènman pliryèl) kote nou te jwenn minis KID, Fizyon, Fanmi Lavalas, OPL, PONT elatriye. Rene Preval, pase 2 lane avèk opozisyon tradisyonèl la nan pòch li. Se sa yo te rele estabilite politik la. Poutan sitiyasyon peyi a te vin pi grav chak jou piplis, espesyalman pou mas popilè yo.

Pandan tan sa yo, sektè popilè a toujou ap pran pozisyon pou denonse chwa politik ekonomik gouvènman Lespwa a. Chodyè revandikasyon yo koumanse bouyi nan divès kwen peyi a. Se 8 avril 2008 popilasyon Okay leve kanpe kont gouvènman an. Nan demen 9 avril, Pòtoprens ak divès lòt vil nan peyi a, vin genyen yon gwo soulèvman popilè. Tout gwo manifestasyon sa yo fèt kont grangou ak kont aplikasyon politik neyoliberal la. Klas dominant yo rele sa (emeute de la faim). Alòske, nou konnen kote ki genyen (emeute de la faim) manifestan yo kraze depo, magazen ak boutik pou yo pran manje. Apa Okay, ki te gen yon ka, nou pa te janm tande kote manifestan yo te kase magazen, te bwote manje.

Manifestan yo te deside al pran Rene Preval, nan Palè Nasyonal, jou 9 avril 2008 la. Paske prezidan an te di l ap viv lavi chè a menm jan ak tout moun, lè gen manifestasyon yo mèt pase chèche l. Se konsa moun te kòmanse monte griy baryè lakou palè a. Nan moman sa a, MINISTA te debake, avèk gwo cha lagè, vin pwoteje prezidan an ak palè a.

Touswit, chanm sena a rele Jak Edwa Aleksi, premye minis lan, epi yo voye li ale. Jak Edwa Aleksi pa premye minis ankò, men li kontinye ap jere nan tèt gouvènman an pandan anviwon 5 mwa.

Prezidan Rene Preval chwazi Erik Pyè, yon teknokrat ki pase plizyè ane ap travay nan Bank Entè Ameriken (BID). Nan dat 12 me 2008, chanm depite a voye chwa sa a jete akòz Erik Pyè gen yon pwoblèm pyès. Bòb Manyèl, se nouvo premye minis prezidan an chwazi. Yon lòt fwa ankò, nan dat 12 jen 2008, chanm depite a pa asepte Bòb Manyèl pou menm pwoblèm pyès la.

Ka sa a te fè moun ri, paske Bòb Manyèl pa te gen kat elektoral, sa vle di, li pa te vote Rene Preval. Alòske, li te mennen kanpay pou prezidan an.

Michèl Divivye Pyè-Lwi, se te 3èm moun prezidan an te chwazi. Nan dat 17 jiyè 2008 chanm depite a ratifye chwa sa a. Epi chanm sena ratifye l nan dat 31 jiyè 2008. Pifò minis gouvènman Alexis a te rekondwi nan gouvènman an. Minis kilti ak kominikasyon an Olsen Jean Julien, yon pwòch premye minis lan oblije bay demisyon l akòz li nan yon konfli avèk direktè TNH la, ki limenm se yon zanmi prezidan Rene Preval.

Prezidan Preval kraze KEP ki te òganize eleksyon fevriye 2007 yo epi li fòme KEP pa li. Apre anpil presyon nasyonal ak entènasyonal, nouvo KEP la òganize eleksyon pou yon tyè sena a, ki ta dwe 10 senatè. Men eleksyon an te fèt pou 11 senatè, paske yo ranplase Roudolph Boulos nan departman Nòdès, akòz li gen nasyonalite ameriken. Men tou, KEP la bay Fanmi Lavalas kanè, pou l pa patisipe nan eleksyon yo.

Premye tou eleksyon yo fèt 19 avril 2009. Pifò moun nan peyi a rekonèt popilasyon an pa te ale vote. Konsèy elektoral la pale de 15 pousan moun ki te ale vote. Plizyè lòt sektè kwè se anviwon 4 a 5 pousan moun ki te patisipe nan premye tou eleksyon yo.

Pa gen okenn kandida ki pase nan premye tou. Se konsa 22 kandida ale nan dezyèm tou. Lespwa, pati ki sou pouvwa a, gen 5 senatè ki pase. Dapre sa tout obsèvatè yo di, se menm to patisipasyon an ki genyen nan dezyèm tou eleksyon an. Moun nan sektè popilè a kwè, se yon bwa long popilasyon an bay pouvwa ak pati politik tradisyonèl yo kenbe.

2. DEMACH METODOLOJIK NOU SWIV POU NOU FÈ TRAVAY LA.

Pou nou fè travay sa a, nou makònen metòd ak teknik: ankèt, antrevi ak analiz dokiman. Dabò nou te chache tèks sou sitiyasyon travay nan peyi a. Nou te monte yon ti ekip pou travay la. Nou kòmante tèks yo ak yo. Nou te òganize kèk sesyon travay avèk 5 nouvo manm Antèn Ouvriye. Nan sesyon

travay sa yo, nou prepare fòmilè ankèt la pou manm ekip sa a te ale pase nan gwoup nou te chwazi yo.

Nou te gen yon fòmilè pou chak gwoup. Gwoup nou te vize nan ankèt la ak enfòmasyon nou t ap chache nan men yo. Se ouvriye ak travayè, sendika ouvriye yo ak travayè yo, santral sendika yo, enstitisyon ki travay ak ouvriye yo, travayè yo, antrepiz prive yo ak enstitisyon piblik yo. Nou te gen enfòmasyon klè nou te vle jwenn nan men reprezantan chak gwoup sa yo.

a) Ouvriye ak travayè

Nou konsidere ouvriye ak travayè yo kòm prensipal aktè pou ede nou konprann sitiyasyon an. Nou te ensiste sou sa anpil nan seyans fòmasyon nou te òganize pou anketè yo. Nou te fè anpil diskisyon sou jan sektè sa a sansib jounen jodi a.

Kòm yo se prensipal enterese nan sitiyasyon an, nou te vle se ouvriye ak travayè ki pale sou sitiyasyon lavi yo ak sou antrepriz kote y ap travay la. Nou te vle pwofite okazyon pou nou motive ouvriye yo sou pwoblèm absans sendika nan antrepriz prive yo. Ankèt nou te fè a, se yon ankèt konsyantizant. Nou pa te rive touche anpil ouvriye ; paske yo pè kesyon an, nan moman sa a. Sa ki te enpòtan pou nou, se te touche ouvriye ki kapab kenbe kontak avèk lòt epi ba yo kèk eleman pou yo kontinye travay avèk lòt yo. Nan sans sa a, li te pi enpòtan pou nou byen pale avèk sa ki vini rankontre nou yo, pase nou te gen yon gwo kantite moun ki reponn kesyon. Nan konjonkti nou ye a, pa gen gwo mobilizasyon sou kesyon òganizasyon travayè. Men nou espere sa nou te rankontre yo ap kontinye pale ak lòt yo ; yon fason pou yo tout konprann nesosite pou yo òganize yo, pou yo aprann poze pwoblèm yo ansanm. Se pou sa, sesyon fòmasyon ak anketè yo te enpòtan nan travay la. Nou te vle yo kapab ede ouvriye yo reflechi sou sitiyasyon y ape viv la.

b) Sendika ouvriye ak travayè

Sendika ouvriye ak travayè yo, se yon lòt sous enfòmasyon enpòtan nan travay la. Lè ouvriye yo deja renyni nan sendika yo kapab etidye sitiyasyon

an pi byen, yo kapab pran desizyon pi fasil pou yo korije li. Li te klè se nan antrepriz piblik la ki gen sendika. Nou te vle konnen nan ki sitiyasyon konkrè sendika sa yo ap fonksyone. Ki lit y ap menen?

c) Santral, federasyon ak konfederasyon sendikal

Nou te vle gade ki baz enstitisyon sa yo genyen tout bon vre. Nou te bezwen jwenn enfòmasyon nan men yo. Epi rive idantifye sendika jòn yo.

d) Gwoup k ap apiye ouvriye ak sendika ouvriye ak travayè.

Gwoup k ap apiye ouvriye ak sendika ouvriye yo, se prensipal patnè Antèn Ouvriye. Nou te konte sou yo pou yo te pèmèt nou jwenn ouvriye yo, pou yo te patisipe nan ankèt la. Malerezman nou te twonpe nou ; Yo pa te tèlman apiye nou nan travay la.. Nou te vle wè tou, avèk patnè yo, ki akonpayman ouvriye yo ak travayè yo jwenn nan epòk sa a. Sa ta kapab ede nou konprann ki posiblite yo jwenn pou yo òganize yo oswa pou yo chache solisyon pou kèk pwoblèm.

e) Enstitisyon piblik

Gen enfòmasyon enpòtan nou te vle jwenn nan men responsab enstitisyon piblik yo. Nan Ministè Komès ak Endistri, nou te vle konnen konbyen antrepriz endistriyèl ki jwenn otorizasyon ministè a? Nan Ministè Afè Sosyal nou te bezwen konnen kantite **sendika ak** lòt gwoup ki jwenn rekonesans legal. Nan ONA, nou t ap chache konnen kantite antrepriz ki peye asirans pou ouvriye yo. Nou t ap chache nan OFATMA, kantite antrepriz ki peye asirans maladi pou ouvriye yo. Nan tribinal travay nou vle konnen valè ka konfli ki genyen ant patwon ak ouvriye yo ;ki jan pwose yo dewoule, kilès pati ki genyen nan konfli yo?

f) Antrepriz prive

Nan antrepriz prive yo nou t ap chache yon seri enfòmasyon tankou: kantite ouvriye, nivo lekòl ouvriye yo, si yo peye asirans, sèvis yo bay ouvriye yo, rezon ki fè pa gen sendika nan antrepriz la elatriye.

Pandan nou t ap prepare fòmilè yo, nou te kontinye fè echanj sou sitiyasyon ouvriye yo nan peyi a, nan kad ekip travay la. Nou te kontinye chache tèks ki kapab ede nou konprann sitiyasyon an. Nou te rankontre tou ak kèk moun ki gen bon enfòmasyon sou zafè travay nan peyi a. Nou te pwofite fè kèk entèvyou ak yo. Manm ekip la te patisipe tou nan kèk rankont sou pwoblèm ouvriye yo, nan konjonkti a. Tou sa te alimante diskisyon yo.

Kidonk rapò a pa fèt sèlman avèk enfòmasyon nou ranmase nan ankèt la. Nonsèlman li pèmèt nou konfime kèk enfòmasyon nou te jwenn deja nan tout rankont ak diskisyon nou te fè yo. Men, kòm nou te di youn nan objektif ankèt la se ede moun pran konsyans, nan sans sa a, nou te bay kèk jèn, nouvo manm Antèn Ouvriye, okazyon pou yo aprann yon fason pratik reyalyte ouvriye ak travayè ayisyen yo jounen jodi a. Se sa k fè se yo menm ki te anketè.

3. KOUT JE SOU ETA REYÈL MOUVMAN OUVRIYE AYISYEN AN

3.1. Kondisyon travay ouvriye yo

Nou travay 6è maten pou 6è aswè. Sa vle di, 12zèdtan travay pa jou. Si legalman jounen travay la se 8è tan pa jou, chak jou nou travay 4èdtan siplemanntè. Patwon yo peye siplemanntè a jan yo vle. Lè pa gen travay yo voye n lakay nou pou 15 jou. Travay la di, li pran tout tan nou, pa gen tan pou fè lòt bagay. Gen anpil ouvriye ki konn anvi kontinye al lekòl, men yo pa gen tan pou sa. Pafwa yo travay menm dimanch. Epi, w ap sibi move tretman, patwon yo gade w tankou bèt. Ouvriye yo ap travay nan move kondisyon, nan chalè, anba limyè epi y ap ba w anpil presyon pou bay tarif la. Alòske, tanzantan patwon an ogmante tarif la. Tout ouvriye ki wè yo pa ka bay tarif la, yo pa pran poz pou al manje. Se youn nan koz ki konn voye ouvriye yo al kouche nan lopital Sanatoryòm pou maladi pwatrinen. Se tankou w nan prizon, depi w antre a 6è maten, menm dlo w pa ka al bwè, sipèvizè ap siveye w. Lè yo sonnen pou al manje, ou vale manje a san kraze, w ap kouri pou lè a pa rive sou ou. Patwon an mete yon sistèm siveye rapòte

anndan izin yo. Depi w anndan izin lan, fèmen tout telefòn. Lè yo ba w siyen yon kontra, ou pa gen dwa pou li sa k ekri nan papye a.

Move kondisyon liyèn, Gen dlo trete pou moun k ap travay sou biwo. Se dlo nan rezèvwa pou ouvriye yo bwè. Alòske, rezèvwa yo toujou sal epi chaje ak limon. Si ouvriye yo achte dlo deyò pou yo bwè, yo pa kapab antre avèk dlo nan izin lan. Chak maten, yo fouye tout ouvriye anvan yo antre anndan izin lan

Gen twalèt ak douch pou moun k ap travay sou biwo. Gen twalèt ak douch pou ouvriye. Twalèt ak douch ouvriye yo toujou nan move kondisyon. Ouvriye a gen yon valè tan tou kout pou l fè nan twalèt la, depi lè a rive gen yon moun ki vin frape pòt la, pou di w lè a rive. Medam yo konn gen règ yo pandan y ap travay, epi yo pa jwenn kotèks pou mete sou yo. Gen yon seri travayè k ap fè djòd sou kamyon ki pral livre machandiz, yo pa gen dwa pou yo antre nan izin lan pou yo ale nan twalèt. Lè kamyon yo pap fè livrezon, se nan lari devan izin lan travayè sa yo kanpe. Se chak ane antrepriz sa yo rele travayè yo vin fè djòd. Se yon fason pou travayè sa yo pa benefisye okenn prestasyon legal ak avantaj sosyal.

Pa gen kafeterya, kote pou ouvriye yo manje anndan izin yo. Se devan izin yo pou ouvriye yo degaje yo achte manje nan men machann 2 fwa chak jou. Sou kesyon manje a menm, maten yo pran espageti, pate kòde, kafe osinon chokola ak pen. Amidi, se mayi moulen osinon diri ak sòs pwa kèk fwa yon ti legim ak yon aksantegi vyann. An jeneral, ouvriye yo achte kredi pou yo peye machann yo, lè yo touche. Souvan sa konn rive lè ouvriye yo fin peye dèt, yo pa prèske rete lajan pou pote lakay yo. Se sa k fè, genyen ki konn pa manje a midi.

Youn nan pwoblèm ouvriye yo poze, se lajan patwon yo pa vle prete yo. Lè yo gen pwoblèm, yo oblije pran ponya nan men sipèvizè osinon lòt moun ki gen mwayen kote y ap travay la.

3.2 Batay pou salè minimòm lan, ekspresyon lit ant klas yo nan sosyete ayisyèn lan, nan kòmansman 21èm syèk la.

Dapre deklarasyon depite Steven Benoit fè nan Radyo Kiskeya (emisyon enterè piblik 29/05/09) li depoze pwojè lwa sou salè minimòm lan nan chanm depite a, depi anviwon 3 lane. Nan menm emisyon sa a, depite a denonse patwon yo li te envite nan rankont plizyè fwa sou salè minimòm lan, yo pa t janm mete pye. Se konsa, nan kòmansman lane 2009 la, chanm depite a vote lwa ki fikse salè minimòm nan peyi a, 200 goud.

Aprè vòt Depite yo nan mwa fevriye a, anpil bri koumanse kouri nan peyi a pou di, lwa sa a pap pase nan chann Sena a. Se konsa, 16 mas 2009, Antèn Ouvriye nan kolaborasyon avèk PAPDA, ICKL ak Fakilte Syans Moun, bay yon konferans sou salè minimòm lan. Konferans deba sa a, te genyen plizyè santèn moun an majorite etidyan FASH. Se premye deba piblik ki te fèt sou salè minimòm lan nan peryòd la.

Nan menm mwa mas la, apre plizyè chita pale, yon ansanm òganizasyon mete sou pye « **Kolektif pou yon lòt preye me** ». Li te gen ladan l: Konfederasyon Travayè Sektè Piblik CTSP, Batay Ouvriye BO, Sendika Travayè Anseyan Inivèsite Ayisyen STAIA, Antèn Ouvriye A.O, Solidarite Fanm Ayisyen SOFA, Mouvman Demokratik Popilè MODEP, Rezo Òganizasyon Zòn Lwès ROZO, Solidarite Ant Jèn SAJ/Veye Yo, Asosyasyon Inivèsitè ak Inivèsitèz Desalinyen ASID, Òganizasyon Popilè pou Edikasyon Popilè CHANDÈL, Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen T.K. Nan okazyon premye me 2009 la, kolektif la òganize yon manifestasyon. Nan lèt ki ale lapolis ak nan laprès, kolektif la anonse manifestasyon an ap rasanble devan Palman an. Depi 9è nan maten, gen yon lòt manifestasyon pou apiye gouvènman an ki deja kòmanse devan Palman an. Minis agrikilti a, Joanas GUE te nan tèt yon defile traktè ki vin kanpe devan lokal Palman an. Devan sitiyon sa a, kolektif pou yon lòt premye me a te oblije chanje pakou manifestasyon pa li a. Nan sans sa a, gen yon seri pwen kote manifestan yo te dwe kanpe pou bay yon seri mesaj, sa pa t respekte. Lè manifestasyon an te rive nan kalfou ri Pave ak Doktè Obri, lapolis kraze manifestasyon an ak kout baton, gaz lakrimojèn. Manistan yo gaye, men yo pran randevou sou plas devan Fakilte Etnoloji a (Chandmas). Manifestan yo rasanble,

rekòmanse voye eslogan, yon lòt fwa ankò lapolis soti pou l kraze manifestasyon an, manifestan yo antre al melanje ak moun ki vin nan fwa sou Chandmas la. Lapolis oblije fè bak, paske li pa kapab vide baton ak bay gaz sou tout moun ki vin nan fwa a. Ale nan fwa a, se te yon bon estrateji kolektif pou yon lòt premye me a te defini.

Pandan tan sa yo, manifestasyon gouvènman an ap monte desann devan palè nasyonal ak tout lòt kote yo vle nan lari a. Nan menm semèn lan, kolektif pou yon lòt premye me a mete yon nòt deyò, pou denonse represyon lapolis fè nan manifestasyon premye me 2009 la. Poutan, lapolis ak fòs lokipasyon MINISTA a pral kraze tout manifestasyon etidyan yo òganize pou apiye salè minimòm 200 goud la.

Nan menm mwa me a, anba anpil presyon sektè popilè a, chanm Sena a vote lwa sou salè minimòm lan menm jan ak Depite yo. Jan konstitisyon 1987 la di sa, senatè yo voye lwa a bay prezidan, swa li fè objeksyon osinon li pibliye lwa a nan jounal ofisyèl peyi a (Le Moniteur).

Nan dat 13 me 2009, nan yon konferans pou laprès, Asosyasyon Endistri d Ayiti (ADIH) deklare « n ap fè tout sa nou konnen pou nou anpeche prezidan an pibliye lwa sa a, nan « Le monitè » jounal ofisyèl peyi a. Kòm boujwa se Leta, prezidan an obeyi lòd patwon yo. Se premye fwa nou wè kouman prezidan Preval mete tout fòs li nan yon batay pou defann yon koz, ki se enterè patwon yo. Brid sou kou, yo mete yon asosyasyon sou pye. Li gen gwo mwayen pou fè pwopagann nan radyo ak nan televizyon. Li te fè yon seri pwopagann sal, moun te wè nan peyi a depi sou rejim makout Divalye yo. Mete sou sa, lapolis ak fòs okipasyon MINISTA kontinye fè represyon kont manifestasyon sektè popilè a.

Pandan tout aksyon sa yo ap fèt, gen sektè k ap mande kote ouvriye yo ki pi konsène nan kesyon salè minimòm lan. Sektè reyaksyonè yo te menm lage yon bann akizasyon sou etidyan yo, paske yo te pran lari, yo te fè manifestasyon pou apiye 200 goud kòm salè minimòm.

Lendi 3 dawou 2009 la, òganizasyon ki te fòme Kolektif pou yon lòt premye me a te mete yo ansanm pou yo te motive ouvriye yo sou nesite pou yo te

fè presyon sou chann depite a pou yo te ka vote, yon lòt fwa ankò, 200 goud kòm salè minimòm. Paske, gen depite ki denonse kòb Palè Nasyonal ak patwon yo te bay yon seri lòt depite, pou yo te vote kont 200 goud la.

Pi gwo aksyon ki te fèt nan peryòd sa a, se kokennchenn manifestasyon ouvriye Pak Endistriyèl ak lòt faktori te fè madi 4 dawou 2009 la. Dapre laprès, manifestasyon an te genyen anviwon 20 000 moun. Poutan nan menm jou sa a nan apremidi 55 sou 65 depite te vote anfavè rapò komisyon Afè Sosyal chanm depite a, ki te pwopoze 150 goud kòm salè minimòm. Se pou premye fwa nan listwa lachann yon vòt piblik fèt an sekre. Nan menm semèn lan, 26 depite ekri biwo chann depite a pou mande reprann seyans lan ki pa t fini. Paske, chanm depite a pa t pwononse l sou objeksyon Prezidan an.

Lendi 17 dawou lapolis arete Guechang Batia yon etidyan Fakilte Syans Moun epi manm Sèk Gramchi ak Patrick Joseph manm Komite Relèvman Divivye. Arestasyon 2 jèn gason sa yo, pwovoke kòlè ouvriye yo ki lage tout izin nan Pak Endistriyèl la, manifestasyon an pran lari monte nan komisarya Dèlma 33. Pandan jounen an, lapolis transfere jèn yo nan pakè Pòtoprens, san prezans avoka yo, san jij pa menm tande yo. Pakè a voye mesye yo penitansye nasyonal. Dapre enfòmasyon nou jwenn nan men yon seri otorite lapolis, se lòd Palè Nasyonal ki fè Pakè voye jèn yo al fèmen nan penitansye nasyonal. Madi 18, pak endistriyèl la leve ak yon lòt manifestasyon ouvriye yo ki mande liberasyon 2 moun lapolis arete yo epi 200 goud kòm salè minimòm. Manifestasyon ouvriye yo desann devan chanm depite a. Lapolis kraze manifestasyon an ak kout baton, gaz lagrimojèn. Yo arete 3 lòt etidyan Fakilte Syans Moun. Pami yo, gen yon manm MODEP. Patwon yo tèlman pè, yo soti yon kominike ki di, tout izin nan pak endistriyèl la fèmen pou rezon sekirite.

Menm jou madi 18 dawou a, nan apremidi, 38 depite vote anfavè objeksyon prezidan Preval la ki di se 125 goud pou ouvriye faktori yo touche kòm salè minimòm. Gen 36 depite ki vote kont 125 goud la, alòske 4 depite fè abstansyon. Lojikman, si 4 depite sa yo te vote kont 125 goud la, 200 goud la t ap jwenn 40 vwa. Sa vle di, 4 depite ki fè abstansyon yo, jwe anfavè

patwon yo ak prezidan Rene Preval. Touswit apre vòt lawont lan, Yves Jean Pierre depite Okap la, deklare devan la près « depite ki vote anfavè 125 la, jwenn lajan nan men prezidan Rene Preval ak sektè prive a ». Yon lòt kote, depite Patrick Joseph deklare 200 goud t ap reprezante yon danje pou patwon yo.

Nou sonje se 16 milyon dola ki sot depanse pou fè eleksyon pou 11 senatè. Sa vle di, chak senatè sa yo koute peyi a 1,454,545 dola ameriken. Alòske, senatè yo touche plis kòb pase depite yo. Kesyon pou nou poze, sou ki baz yon kategori moun ap touche 110 mil goud chak mwa epi yo deside se 3250 goud pou yon lòt kategori moun touche pa mwa nan menm sosyete a ?

Vòt madi 18 dawou a, montre aklè kesyon netralite a se yon blòf. Nan yon sosyete ki chita sou yon rapò dominan ak domine, esplwatè ak esplwate, chak moun nan yon kan. Nan batay pandan plizyè mwa sou kesyon salè minimòm lan. Kan patwon yo ak tout moun k ap defann enterè patwon yo, pote laviktwa kont kan ouvriye a.

Pou otorite yo lage dlo sou flanm dife revandikasyon ouvriye ki te kòmanse limen, mèkredi 19 dawou, yo lage Guerchang Batia, Patrick Joseph manm komite relèvman Divivye ak youn nan lòt 3 etidyan lapolis te arete avni Kristòf devan Fakilte Syans Moun nan.

Tablo I:

Soti 2003 pou rive 2009, enflasyon an evolye konsa: Ane	Pousantay %
2003	32,4
2004	24,3
2005	15,8
2006	13,1
2007	8,2
2008	19,8

Tablo II:

Si ajisteman yo te fèt dapre jan atik 137 Kòd Travay la mande a, salè minimòm lan t ap evolye konsa : Ane	Montan an goud
2004	92,7
2005	115,2
2006	133,4
2007	151
2008	163
2009	195

Tablo sa yo fèt apati enfòmasyon ki soti nan Enstiti Ayisyen pou Estatistik al Enfòmatrik

3.3 Kòz ak konsekans absans sendika nan antrepriz prive yo

Pa gen tras sendika nan antrepriz prive yo, nan Pòtoprens. Se menm reyalite sa a, ki egziste nan prèske tout lòt vil nan peyi a kote ki genyen faktori. Ouvriye yo klè sou sa, akòz yo pa gen sendika, patwon yo fè yo tout kalite abi ak enjistis. Yo pa kapab revandike kont move kondisyon travay yo. Lè yo resi pran yon grenn ouvriye nan izin yo, patwon yo ba li siyen yon kontra travay, men li pa gen dwa li sa ki ekri nan kontra a. Lè nou mande ouvriye yo, pou ki sa yo pa mete sendika nan antrepriz yo? Men repons ouvriye yo bay:

- Travay la pa ba nou tan pou n òganize nou.
- Sendika, se yon mo tout ouvriye yo pè.
- Se yon mo m pa janm tande depi m ap travay la a. Nou pè revokasyon.
- Patwon yo pa vle je nou klere, yo vle nou toujou rete nan fè nwa.
- Chak moun ap defann tèt pa yo. Tout moun pa vle pèdi djòb yo.
- Depi patwon yo konnen gen sendika, y ap revoke w.
- Patwon yo pa vle ouvriye yo jwenn moun pou ede yo defann dwa yo.

- Paske patwon yo mechan, sektè boujwa yo pa danse kole ak sendika.
- Sendika ap defann dwa ouvriye ak travayè yo, se poutèt sa patwon pa vle wè sendika.
- Se paske yo pa vle ouvriye fè revandikasyon, ki lakoz pawon yo pa vle dakò nou mete sendika.
- Paske ouvriye yo reziye yo, pou yo pa pèdi djòb yo.
- Leta pa fè patwon yo aplike atik 225 kòd travay la ki bay ouvriye yo dwa pou mete tèt yo an sendika pou defann dwa nou.

Sa k dwe fèt sou kesyon sendika a?

- Batay pou n fè respekte dwa nou genyen pou n fè sendika
- Ouvriye kapab kòmanse òganize yo nan katye bò lakay yo, jiskaske yo pote sendika nan izin lan
- Mete tèt ansanm pou bagay yo chanje
- Dwe gen plis jefò nan fason ouvriye yo ap fonksyone
- Ouvriye yo dwe batay pou defann dwa yo genyen pou fè sendika
- Fè yon kanpay pou denonse Leta ak patwon yo ki pa vle ouvriye yo òganize yo.
- Batay pou mete sendika nan izin yo
- Leta dwe fè patwon respekte lwa ki bay ouvriye yo dwa pou fè sendika
- Tout sosyete a dwe mobilize pou fòse Leta ak patwon yo asepte sendika ouvriye nan izin yo.
- Fòk genyen bon jan sendika pou defann ouvriye yo
- Nou dwe goumen pou mete bon jan sendika sou pye pou defann enterè ouvriye yo.
- Motive ouvriye yo sou enpòtans ak wòl sendika genyen nan kad aktivite travay yo.
- Kontinye mobilizasyon an nan sektè popilè a, pou apiye ouvriye yo
- Ouvriye yo dwe fòme sendika nan tout antrepriz yo
- Motive ouvriye yo pou mete sendika nan antrepriz yo pou fòse patwon yo respekte dwa yo.
- Pou Leta fòse patwon yo aplike atik 225 kòd travay la, ki bay ouvriye yo dwa pou fè sendika

3.5 Prezans ak reyalite sendika nan antrepriz piblik yo.

Prezantasyon	Misyon / Objektif
1. Sendika Pèsonèl Enfimyè 10 ri Lamontay Fonde, avril 1986, anrejistre me 1986	Lit pou amelyore kondisyon travay, kalite lavi pèsonèl ak popilasyon an. Valorize pwofesyon enfimyè a
2. Sendika Anplwaye Près Nasyonal d Ayiti (SEPNHA), fonde 9 septanm 2005, anrejistre 30/09/2005 No : 04006	Veye sou bon mach enstitisyon an
3. Sendika Anplwaye ONA , fonde an fevriye 2007, lokal ONA	Defann enterè anplwaye yo, veye sou bon mach enstitisyon an.
4. Sendika Anplwaye OAVCT, fonde an janvye 2007, legalizasyon jen 2007	Defann enterè anplwaye yo ak enstitisyon an.
5. Sendika Travayè Sante HUEH, fonde avril 1986	Defann enterè manm yo Pwoteje malad yo Pèmèt pèsonèl la jwenn nominasyon
6. Sendika Lapòs, fondasyon 1988	Defann enterè anplwaye yo ak enterè enstitisyon an
7. Sendika ouvriye ak anplwaye teleko (SOETEL), fonde 15 jen 1991	Reprezante, defann epi pwoteje enterè ouvriye ak anplwaye Teleko yo. Lite pou amelyore kondisyon travay ak lavi ouvriye ak anplwaye yo. Pwoteje epi devlope idantite ak patrimwàn antrepriz la
8. Sendika anplwaye (Grace Childrens Hospital, International Child Care) fonde an desanm 2008, Lokal Dèlma 31	Pwoteje anplwaye yo kont abi. Pèmèt anplwaye yo jwenn mwayen pou yo travay
9. Konfederasyon Travayè Sektè Piblik, fonde an desanm 2008, lokal :sendika EDH	Ankadreman ouvriye ak travayè yo pou chanje kondisyon lavi yo
10. CATH, Santral Otonòm Travayè Ayisyen, me 1980	Misyon:Defann travayè yo ak peyi a.

Chapant	Fonksyónman
<p>SPI</p> <ul style="list-style-type: none"> - yon direksyon nasyonal, ki genyen ladanl: 1 sekretè egzekitif, 2 trezorye, 2 achivis ak manm yo. Se asanble jeneral ki eli tout moun sa yo - Yon kòdinasyon nasyonal ki fòme ak delege ki soti nan diferan komite swa nan departman yo osinon nan rejyon yo - Komite sèvis yo osinon seksyon swen etablisman sanitè yo - Manm aderan yo (anviwon 1000) Pou vin manm fòk ou se: - enfimiyè osinon oksilyè diplome nan yon lekòl Ministè Sante Piblik ak Popilasyon rekonèt epi anrejistre - enfimiyè osinon oksilyè retirete - Moun k ap ede nan bay swen sante, MSPP peye pou sa. 	<ul style="list-style-type: none"> - Se biwo egzekitif la ki gen dwa pran gwo desizyon yo. - Komite sendika yo reyini chak 3 mwa nan lopital ak sant sante yo - Biwo egzekitif la ap fonksyone chak jou nan lokal sendika a. - Reyalizasyon premye kongrè SPI, novanm 1996 - Reyalizasyon sanble departmantal - Seminè fòmasyon pou manm yo <p>Kondisyon Travay manm yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Manm yo ap touché yon salè mizè - Y ap travay nan move kondisyon, pa gen materyèl pou fè travay yo byen <p>Lit sendika a deja Mennen</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lit pou ogmantasyon salè (1986, 87) - Kanpay prevansyon sida - Lit pou liberasyon enfimiyè Yanik Bado (1999-2000) - Lit kont transfè 5 enfimiyè Jeremi (Oktòb 1999, fevriye 2000) <p>Rezilta lit yo pote</p> <ul style="list-style-type: none"> - Manm yo te jwenn ogmantasyon salè. - Mis Yanik Belo te lage nan prizon - Yo pa t transfere enfimiyè Jeremi yo <p>Kalite batay sendika a pral mennen.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Entegrasyon ak patisipasyon nan

	<p>jesyon lopital yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> - Lite pou vin genyen yon refòm nan enstitisyon sanitè yo. - Mande kafeterya pou malad yo jwenn manje <p>SPI abitwe apiye lit lòt sendika sou fòm nòt pou laprès patisipasyon nan aktivite mobilizasyon</p> <p>Ki sa ki dwe fèt:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Pou tout sendika yo pote menm revandikasyon - Batay pou sendika yo pa fin tounen sendika jòn k ap travay pou defann enterè patwon epi k ap travay pou Leta ; - Fini avèk yon seri sendika kip a gen manm, se dirijan sèlman yo genyen. - Pou santral sendika yo ak gwoup k ap apiye ouvriye yo rive antre nan antrepriz yo.
<p>SEPNHA:</p> <p>yon komite egzekitif 5 manm, tout se gason. Majorite anplwaye se manm sendika a (anviwon 50)</p>	<p>Direksyon Près Nasyonal la revoke tout manm komite direksyon sendika a plis lòt moun (24 antou) . Depi lè sa a, lòt anplwaye vin pè sendika a.</p> <p>Manm direksyon sendika fè dives demach tankou: Afè Sosyal, Ofis Pwoteksyon Sitwayen (OPC), prezidan Rene Preval, chanm sena, chanm depite, premye minis, enstans entènasyonal tankou : Biwo Entènasyonal Travay (BIT), Piblik Entènasyonal Sèvis (PSI), Ministè Kilti ki kwafe près Nasyonal la,</p>

	okenn pa reyaji.
<p>Sendika Anplwaye OAVCT Yon komite direksyon ki genyen 9 manm, 5 fanm 4 gason. Direksyon OAVCT revoke 5 manm nan komite a. Rete 2 manm komite a k ap travay nan enstitisyon an. Depi apre revokasyon manm direksyon an, manm sendika yo pè patisipe nan aktivite yo</p>	<p>Direksyon OAVCT vini ak jij de pè pou mete manm komite sendika deyò. Prezidan Preval mande pou manm sendika yo rete deyò OAVCT, men pou yo kontinye touche salè yo chak mwa, annatandan yo mennen yon ankèt.</p> <p>Direksyon OAVCT a fè yon lòt sendika ak konplisite Litès Rejwi, yon dirijan sendika pwòch palè nasyonal.</p> <p>Nan OAVCT, sendika a t ap goumen kont pwoblèm move jesyon. Se rezon sa a ki fè, responsab yo revoke, transfere anplwaye. Direksyon an koupe asirans medikal manm yo. Komite sendika a fòse Lakou siperyè kont, fè yon odit nan OAVCT.</p>
<p>Sendika Travayè sante HUEH Asanble jeneral ki fòme ak tout manm yo. Yon komite egzekitif ki genyen 7 manm, 5 gason 2 fanm Asanble jeneral la chwazi dirijan yo nan eleksyon, li pran gwo desizyon yo epi li pran sanksyon.</p>	<p>-Chak mwa gen rankont asanble jeneral -Komite egzekitif la reyi 2 fwa pa mwa - Komite a fè fòmasyon pou manm yo, pou pèmèt yo konnen kouman pou yo konpòte yo ak maladi yo</p> <p>Nan mwa avril 2008, yo arete prezidan Sendika Felix Levi, ki pase 2 mwa edmi nan prison. Li sèlman resevwa yon lèt ki mande l pa vin travay nan lopital pou yon ti tan. Apre 27 lane travay, se konsa dirijan yo</p>

	<p>revoke l san okenn prestasyon legal. Gen yon nouvo komite nan tèt sendika a, prezidan an rele Yves Jovain Pierre. Se yon prezidan de fakto direksyon lopital mete nan tèt sendi a, ak konplisite CTH. Depi nouvo komite a enstale, manm yo pa janm ale nan reyinyon. Se prezidan an, madanm li ak pitit kif è reyinyon yo.</p> <p>Sendika konn denonse yon seri ka materyèl ki pèdi nan lopital la. Te gen yon printè sonografi ki te pèdi, sendika a te fè moun ki te pran l lan, pote l retounen nan lopital la. Nan mwa jen 2006, Prezidan Chili a, Michèl Bachlè, fè lopital la kado yon aparèy andoskopi, yo vòlè l nan lopital la. Moun ki te vòlè materyèl sa a, responsab yo sèlman transferel nan yon lòt lopital, pou l al kontinye vòlè. An jeneral, se yon seri medsen k ap vòlè materyèl lopital jeneral, pou yo mete nan lopital prive yo.</p>
<p>Sendika Lapòs Asanble jeneral la fòme ak 222 manm anviwon. Seli menm ki kapab pran gwo desizyon yo Gen yon komite direktè ki gen 6 manm, 4 gason 2 fanm. Li la pou egzekite desizyon asanble a, reprezante sendika a. Gen yon komite souyen ki fòme ak 13 manm</p>	<p>Komite direktè rankontre chak samdi Kondisyon travay manm sendika a. - Manm sendika a revoke ilegalman Lit sendika a deja mennen/ peryòd - Ogmantasyon 85 pousan - Lit pou dedomajman anplwaye revoke an 2001 Rezilta lit yo pote. - sendika a prèske kraze, n ap</p>

	<p>foksyone deyò antrepriz la.</p> <p>Batay sendika a pral mennen</p> <ul style="list-style-type: none">- Batay pou yo reprann nou nan travay la- Kontinye lit pou fè yo respekte dwa nou <p>Ki sa ki dwe fèt sou salè minimòm lan ?</p> <ul style="list-style-type: none">- Se 200 goud la nou apiye kòm salè minimòm lan. Li pa ka fè anyen pou ouvriye yo, men yo kapab kenbe men avè l.-Se pou nou fòse Preval pibliye lwa 200 goud la nan jounal ofisyèl peyi a. <p>Solidarite</p> <ul style="list-style-type: none">- Sendika a konn apiye lit lòt sendika ak òganizasyon baz yo sou fòm :siting, patisipe nan manifestasyon, konferans pou laprès. <p>Pou avansman lit la.</p> <ul style="list-style-type: none">- Mennen yon kanpay sansibilizasyon pou fè yo respekte dwa sendikal.- Fòse Leta pou fè tout patwon respekte atik 225 kòd travay la ki bay tout ouvriye dwa pou yo mete sendika pou defann enterè yo.
<p>Sendika Ouvriye ak Anplwaye Teleko (SOETEL) Kogrè nasyonal ak komite egzekitif la ki gen dwa pran gwo desizyon yo.</p>	<p>Sendika a reyini chak 3 mwa, komite yo reyini chak semèn</p> <p>Kodisyon manm sendika yo ap travay:</p>

<p>Asanble nasyonal Komite egzekitif, 19 gason, 3 fanm Sekretarya egzekitif, 5 gason 2 fanm</p>	<ul style="list-style-type: none">- Manke materyèl ki nesèsè pou travay- Pa gen kafeterya <p>Kalite lit/ peryòd</p> <ul style="list-style-type: none">- Lit pou jwenn bon kondisyon travay- Lit pou ogmantasyon salè- Lit kont revokasyon abitè ak ilegal, sitou nan moman TELEKO sou wout privatize. Leta revoke 1500 anplwaye an 2007, 2000 an 2008. Dirijan yo revoke anplwaye yo san evalye antrepriz la. Yo mennen yon politik kite antrepriz la kraze, pou yo montre li pa vo anyen, yon fason pou yo ka privatize l. Yo revoke 20 sou 22 manm komite ki t ap dirije sendika a. Anplwaye revoke yo ap viv nan yon move sitiyasyon ekonomik. Rès anplwaye yo ap viv sou presyon, tansyon ak laperèz. <p>Rezilta lit yo pote:</p> <ul style="list-style-type: none">- Kondisyon travay yo amelyore <p>Kalite batay sendika a pral mennen:</p> <ul style="list-style-type: none">- Batay kont move kondisyon travay- Anpeche revokasyon abitè ak ilegal <p>Sou kesyon Salè minimòm lan: Prezidan an dwe pibliye lwa ki fikse salè minimòm lan 200 goud.</p> <p>Api lòt sendika</p> <ul style="list-style-type: none">- Patisipasyon nan rankont ak lòt
---	---

	<p>sendika - Pran pozisyon piiblik pou apiye lòt sendika</p> <p>Ki sa ki dwe fèt: Pou avansman lit ouvriye yo, tout sendika yo dwe mete tèt yo ansanm.</p>
<p>Sendika Anplwaye GCH/ ICC - Yon asanble ki fòme ak 90 manm - Yon komite direktè ki genyen 11 manm, 8 gason ak 3 fanm</p>	<p>Komite direktè a reyini chak vandredi Direksyon lopital revoke 40 anplwaye, pami yo, tout manm komite direktè sendika a. Yo di, se pou rezon administrativ. Gen plizyè kategori nan moun ki revoke yo tankou :enfimyè, sekretè, elektrisyen, chofè, famasyen, lavandyè, kwizinyè, netwayè. Gen moun ki genyen 24 lane depi yo t ap travay nan lopital la. Direksyon bay tout prestasyon legal yo. Moun ki revoke yo te pote kesyon an devan Ministè Afè Sosyal, ????? yo moun yo jwenn tout prestasyon legal, pa gen anyen yo ka fè Sosyal, yo moun yo jwenn tout prestasyon legal, pa gen anyen yo ka fè.</p>
<p>Sendika Anplwaye ONA - Asanble jeneral (900 manm), ki gen dwa pran gwo desizyon yo - Yon komite egzekitif la genyen 17 manm, 12 gason 5 fanm, ki la pou egzekite desizyon asanble a, bay oryantasyon, konvoke asanle jeneral. - Yon sekretarya ki genyen 5 manm</p>	<p>- Gen 2 asanble jeneral òdinè chak ane. - Komite yo reyini chak semèn</p> <p>Kondisyon travay anplwaye yo: - Pa gen satisfaksyon sou kesyon salè - Kesyon sanitè a kòrèk - Gen pwoblèm asirans pou anplwaye yo</p>

	<p>Ki kalite lit sendika a deja mennen ? epòk :</p> <ul style="list-style-type: none">- Lit pou sendika te egziste- Batay kont gaspiyaj nan ONA, pou bon jesyon.- batay kont koripsyon an 2007 <p>Rezilta lit :</p> <ul style="list-style-type: none">- Se sou rekòmandasyon sendika a, ULCC ak UKREF vin mennen ankèt. <p>Batay sendika pral mennen :</p> <ul style="list-style-type: none">- Jwenn pi bon kondisyon travay- Lite pou jwenn asirans sante <p>Sou salè minimòm lan :</p> <p>Bay ouvriye yo 200 goud, se yon ti kal jistis</p> <p>Apiye lòt sendika</p> <p>Sendika ONA a, apiye lit sendika OAVCT, Achiv Nasyonal, li ede mete sendika OFATMA sou pye</p> <p>Sa ki dwe fèt pou avansman lit la:</p> <ul style="list-style-type: none">- Tout sa k pase nan antrepriz prive yo ap gen enpak sou ONA, konsa, salè minimòm lan regade sendika a. Nan sans sa a, tout moun dwe enplike nan batay sou salè minimòm lan.- Solidarite ant tout sendika, solidarite ant tout travayè. <p>Direksyon Sandwo Jozèf la, te siyen kontra ak yon seri radyo kip a nòm. Valè kòb direktè peye radyo sa yo, pa koresponn ak piblisite yo fè pou</p>
--	--

	<p>ONA.</p>
<p>Santral Otonòm Travayè Ayisyen (CATH) (30 mil manm, 5 mil peye kotizasyon chak mwa)</p> <ul style="list-style-type: none"> - Kongrè nasyonal pi gwo enstans - Sekretarya jeneral 9 manm, 3 fanm, 6 gason - Biwo federal, ki fòm ak 15 manm, 5 fanm 10 gason (7 federasyon, 1 òganizasyon fanm, 1 òganizasyon jèn, yon komite ouvriye) 	<ul style="list-style-type: none"> - Kongrè a fèt chak 4 lane - Biwo federal la rankontre chak 3 mwa - Sekretarya rankontre chak semèn <p>Aktivite fòmasyon yo pa fèt depi 2004</p> <p>Sektè ak zòn entèkansyon:</p> <p>Pak endistriyèl, milye peyizan, transpò, fanm, inivèsite, sektè enfòmèl</p> <p>Non kèk antrepriz: COLES, AJC, WP Bekè, ITALA</p> <p>Sèvis :</p> <ul style="list-style-type: none"> - Fòmasyon - solidarite ak manm nan moman yo nan difikilte. - Lekòl nan komin Gwomòn 6èm seksyon Savann Kare pou 150 timoun <p>Lit :</p> <ul style="list-style-type: none"> - Patisipasyon nan òganizasyon yon lòt premye me. - òganizasyon manifestasyon nan Sen Rafayèl - Batay pou jwenn yon komisyon ankèt endepandan pou wè egzakasyon minista fè nan peyi a. - Kanpay entènasyonal kont MINISTA pou rejwenn souverènte peyi a

	<p>- Batay pou defann dwa sendika</p> <p>Rezilta :</p> <ul style="list-style-type: none">- Jounen jodi a, pwoblèm lit klas la rekòmanse poze- Tout moun wè kote gouvènman an kanpe- Patwon yo oblije mete grif yo deyò- Manifestasyon ouvriye yo, se yon gany- Nou wè sendika jòn yo <p>Lit pou travay :</p> <ul style="list-style-type: none">- Fòk nou reprann souverènte peyi a, anvan tout bagay- Nou jwenn konsantman Edwado Galeyano pou fè pati komisyon endepandan sou minista a. <p>Sa ki dwe fèt :</p> <ul style="list-style-type: none">- Monte yon kaye revandikasyon pou sektè ouvriye a.- Mete yon pwogram nasyonal- Ranfòse sektè ouvriye a- Batay pou fòse Leta antre tout bon nan pwodiksyon nasyonal la.
--	--

3.6. Regwoupman sendika yo nan peyi a, ak enterè y ape defann?

Non	Misyon
CATH	
Federasyon Sendika Travayè Elektrisite D Ayiti (FESTRED), Mas 1986 Lokal EDH ri Jozèf Janvye	Misyon : Travay pou byennèt ouvriye ak travayè yo
Federasyon Sendika Travayè Elektrisite d Ayiti (FESTRED), gen 11 sendika ki fòme federasyon an (Pòtoprens, Okap, Gonayiv, Pelig, Ench, Vare, Kafou, Tigwav, Jakmèl, Okay, Jeremi) Misyon: Travay pou byennèt ouvriye yo ak pou bon mach enstitisyon an. FESTRED chita sou : - Kongrè nasyonal, ki fèt chak 3 lane. Kongrè a gen pou: Defini politik òganizasyon an. Ratifye desizyon, renouvle dirijan yo. - Yon biwo egzekitif ki genyen 11 manm (tout se gason), prezidan ak vis prezidan, sekret, prezidan ak vis prezidan, sekretè jeneral ak sekretè adjwen, sekretè òganizasyon, sekretè enfòmasyon ak konfli, yon trezorye ak trezorye adjwen, 2 konseye - Asanble lokal - Yon sekretè ak yon menajè an pèmanan	- Asanble 3 fwa chak lane - Kongrè chak 3 lane - Mwayen, kotizasyon manm yo - Toujou gen aktivite fòmasyon (dwa ak devwa manm sendika yo, fòmasyon teknik). Fòmasyon yo konn dire 2 a 5 jou, dènye aktivite fòmasyon an te fèt nan mwa dawou 2008. Se anplwaye kad ki konn anime fòmasyon yo. - Nou bay asitans legal Lit FESTRED ap mennen aktivite sa yo : - Batay kont privatizasyon (deja rankontre prezidan peyi a 7 fwa) - Ogmantasyon salè Lit ki deja mennen : - Lit pou manm retounen soti nan egzil - Lit pou ogmantasyon salè - Pou defann dwa ouvriye - Reprann ouvriye yo mte revoke sou gouvènman Avril ak Nanfi - Grèv pou anpeche gouvènman Rawoul Sedras ak Michèl Franswa

	<p>te pran yon kòb nan EDH.</p> <ul style="list-style-type: none">- Batay pou gen reprezantan anplwaye yo nan konsèy administrasyon EDH, ki se pi gwo enstans ki kwafe direksyon an. <p>Rezilta lit yo pote :</p> <ul style="list-style-type: none">- Nou jwenn ogmantasyon salè- Nou anpeche gouvènman yo pran 50 pousan nan resèt EDH <p>Ki lit n ap mennen pou travay :</p> <ul style="list-style-type: none">- Batay pou gen lòt santral nan peyi a, pou kreye travay- Eksplwate lòt sous enèji- Achte lòt materyèl <p>Ki sa nou kwè ki dwe fèt pou avnasman lit la ?</p> <ul style="list-style-type: none">- Mete tèt ansanm- Konsolide konfederasyon an <p>Gen yon seri ansyen direktè EDH ki gen pwòp konpayi pa yo, men ki toujou gen moun k ap travay pou yo anndan EDH, ki ba yo travay EDH.</p> <p>Lòt gwo pwoblèm lan, se akwentans dirijan yo avèk yon seri konpayi prive k ap vann EDH kouran. Moun sa yo toujou ap sabote EDH pou yo kapab jwenn kontra.</p> <p>Pa egzanp, dife pran nan santral Vare, alòske pa t gen kouran nan moman dife a pran an. Touswit</p>
--	---

	<p>apre, gen yon konpayi prive ki reklame santral la. Leta ayisyen pa mennen ankèt. Alòske te gen anplwaye nan izin lan pandan dife a.</p>
--	--

<p>Konfederasyon Travayè Sektè Piblik (C.T.S.P) : Fòm ak FESTRED, UNNOH, SOETEL, CEOAVCT, S.P.O-OFATMA, COSEANH, S.T.S, Sendika Meri Pòtoprens, (CTSP Gen anviwon 6000 manm).</p> <ul style="list-style-type: none"> - Kongrè nasyonal, pi gwo enstans ki pran tout gwo desizyon. -Direksyon nasyonal, 36 delege, li la pou fè swivi, bay oryantasyon - Biwo egzekitif, 13 manm, 4 fanm ak 9 gason, li la pou egzekite desizyon 	<ul style="list-style-type: none"> - Kongrè a reyini chak 3 lane - direksyon nasyonal la rankontre 2 fwa chak lane. - Biwo egzekitif la rankontre chak semèn, pako gen moun ki fè pèmanan. - Kotizasyon manm ak sibvansyon ki pèmèt yon seri aktivite <p>Aktivite fòmasyon sou:</p> <ul style="list-style-type: none"> - sendika ak pwoblèm ekonomi mondyal - Sedika ak pwodiksyon nasyonal - Sendika nan negosyasyon kontra kolektif - Fizyon ant 2 kouran sendika mondyal • Sosyal demokrasi (Konfederasyon Entènasyonal sendika Lib CISL <ul style="list-style-type: none"> • Demokrat Kretyen (Konfederasyon Mondyal Travayè CMT <ul style="list-style-type: none"> • CTSP gen relasyon avèk Entènasyonal Sektè Piblik ISP <p>Lit CTSP mennen:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Batay pou salè minimòm - Demach pou defini yon relasyon ak Ministè Afè Sosyal <p>Lit CTSP deja mennen :</p>
---	--

	<ul style="list-style-type: none">- Batay kont koripsyon nan (OAVCT, TELEKO, EDH)- Batay an favè salè minimòm 200 goud <p>Rezilta lit yo :</p> <ul style="list-style-type: none">- Rapò Lakou Siperyè Kont kont direktè OAVCT <p>Lit CTSP pral mennen :</p> <ul style="list-style-type: none">- Batay kont plan neyoliberal (privatizasyon, revokasyon)- Patisipe nan defini yon politik anlwa- Batay pou defann pwodisyon nasyonal- Batay pou kreyasyon konsèy administrasyon ògàn sekirite sosyal (CAOSS)- Batay pou kreyasyon Konsèy Administrasyon Pak Endistriyèl- Batay pou Leta mete yon plan enèjetik ki koresponn a reyalyte ak kapasite peyi a. <p>Pou kaye revandikasyon ouvriye yo:</p> <ul style="list-style-type: none">- Sekirite sosyal pou ouvriye yo- Amelyorasyon kondisyon travay ouvriye yo- Batay pou fè patwon yo respekte dwa ouvriye yo genyen pou yo fè sendika.
--	--

Kòdinasyon Sendikal Ayisyen (CSH) : Li chita nan ri 7 Babyòl.

Misyon: Fè mouvman sendika avanse pou defann travyè yo.

Gen yon asanble jeneral, yon konsèy direksyon, yon sekretarya (9 manm ki soti nan sendika yo) ak yon seri komite. Kòdinasyon sendikal la fòme ak 12 santral sendika.

Lit pou satisfè revandikasyon sa yo:

- Dosye salè minimòm
- Konvansyon sou dwa timoun
- Pledwaye pou ouvriye yo
- Asistans legal pou ouvriye yo
- Lit pou travay desan
- Kanpay kont diskriminasyon sideyen.

Moun nou te rankontre pou CSH la, pa t vrèman gen tan pou te pataje plis enfòmasyon avèk nou. Men tou, gen enfòmasyon li pa genyen, li kwè se sekretè jeneral la ki kapab bay enfòmasyon sa yo. Dapre responsab nou te rankontre a, sekretè jeneral CSH la se bis gouvènman an l ap jere sèlman jounen jodi a. Paske se kòdinasyon sendikal k ap kòdone gwoup 13 k ap jere nouvo otobis gouvènman achte yo. Ki fè, sekretè jeneral la pa jan m la nan biwo CSH. Efektivman, pandan 2 fwa, yon manm Antèn Ouvriye pran randevou avèk sekretè jeneral nan lokal CSH, nou pran plis pase inèdtan ap tann, li pa vini. Nan yon twazyèm randevou, li resi vini apre anviwon menm kantite lè a ap tann li. Misye ban m yon pwochen randevou, paske li ta pral rankontre ak sentè.

N ap fè remake : nan mwa jen 2009 la, CATH anonse li soti nan kòdinasyon sendikal. Nan yon lèt li ekri minis Afè Sosyal la, madam Gabrielle P. BEAUDIN nan dezyèm paragaf la li di (La CATH, de par sa philosophie syndicale et en tant que Centrale de masse, ne saurait être membre d'une plate-forme syndicale jaune, qui fait la promotion de la politique néo-libérale pratiquée dans le pays et se galvaudant du syndicalisme haïtien).

Men tou fòk nou di : nou pa kwè gen moun nan sektè ouvriye a ki pa te konnen ki sa Kòdinasyon Sendikal Ayisyen ye. Nan sans sa a, n ap mande, sou ki baz yon santral ki pa sendika jòn te antre nan Kòdinasyon Sendikal Ayisyen (CSH) ?

4. Aktivite gwoup k ap apiye sektè ouvriye a.

4.1. Antèn Ouvriye (A.O)

Antèn Ouvriye se youn nan premye gwoup ki parèt sou teren an, 2 mwa apre soulèvman popilè 7 fevriye 1986 la. Se rezilta refleksyon ak aksyon yon gwoup fanm ak gason k ap batay kont sistèm kapitalis yon fason jeneral. Men, ki ta p mennen yon batay espesifik pou dechouke diktati makout Divalye a. Se nan kontèks sa a, Antèn Ouvriye fonde nan mwa avril 1986.

Antèn Ouvriye, se pa ni yon sendika ni yon santral sendikal. A.O. la pou li apiye lit ouvriye yo. Misyon A.O bay tèt li se: patisipe nan pèmèt ouvriye ak travayè yo bay tèt yo bon zouti pou yo kapab mennen lit pou chanjman an.

Antèn Ouvriye chita sou:

- Yon sanble jeneral ki fòme ak tout manm li yo. Se pi gwo enstans ki gen konpetans pou pran tout gwo desizyon sou lavi gwoup la.
- Yon konsèy direksyon ki fòme ak delege ki soti nan divès seksyon. Direksyon an la pou ekgekite deizyon asanble a. Li la tou, pou fè respekte oryantasyon ak liy asanble jeneral la defini pou gwoup la swiv.
- Divès seksyon ki fòme sou baz aktivite A.O ap mennen (seksyon fòmasyon, seksyon dokimantasyon, seksyon jistis, seksyon òganizasyon)

Aktivite Antèn Ouvriye reyalize:

a) Fòmasyon kad ouvriye ak travayè

Antèn Ouvriye abitwe fè fòmasyon sou pa egzanp: dwa sendikal, kòd travay, pou:

- manm sendika nan antrepriz prive (epòk yo te egziste);
- manm sendika nan atrepriz piblik.

b) Pwodiksyon ak piblikasyon materyèl:

- Mete kòd travay la an kreyòl, premye vèsyon 1986, dezyèm vèsyon an 1996.
 - Divès kaye fòmasyon pou manm sendika
-

- Bilan anyèl sa k pase nan sektè ouvriye a.
 - Yon ti liv ki bay yon rezime sou istwa peyi a.
 - Dokiman sou zòn franch
 - Dokiman sou konfli fanmi Bekè ak JEBSA
- c) Asistans legal
- d) Moman travayè (yon emisyon radyo ki fè fòmasyon epi bay enfòmasyon sou milye ouvriye a).
- e) Lekòl preskolè “Kay Timoun Solèy”
- f) Akonpayman òganizasyonèl (ede ouvriye ak travayè yo mete òganizasyon sou pye)

Antèn Ouvriye kapab pataje ak lektè yo yon esperyans akonpayman li te fè ak Sendika Ouvriye Antrpriz JEBSA (S.O.E.J).

Jean Edouar Baker S.A (JEBSA) se te yon faktori ki te pote non mèt li. Nan fen janvyè 1987, Sendika Ouvriye Entrepriz JEBSA (S.O.E.J) kanpe travay pou pwoteste kont:

- Patwon yo ki pa peye ouvriye yo salè minimòm Leta fikse a (15 goud pa jou)
- Tarif travay la patwon yo monte twò wo
- Revokasyon sipèvizè Adwen k ap revoke ouvriye yo san rezon

Nan dat 28 janvyè 1987, sendika a ekri Ministè Afè Sosyal pou mete l okouran grèv la. Epi yo mande pou ministè a foure bouch li nan konfli ki pete ant sendika a ak direksyon JEBSA. Pandan 3 jou grèv, sipèvizè a pa t mete pye nan faktori a. Se konsa ouvriye yo te reprann travay. Men, yon responsab te vin mande yo pou asepte menm sipèvizè a retounen vin travay nan izin lan, ouvriye yo pa dakò. Responsab yo mande pou lòt anplwaye fè solidarite avèk sipèvizè a. Komite sendika a ekri Ministè Afè Sosyal yon lòt lèt, ki pèmèt fwa sa a yo voye enspektè vin pale avèk sendika a ak patwon yo. Apre anpil diskisyon, ouvriye yo dakò reprann travay.

Lendi 9 fevriye 1987, sipèvizè a retounen nan faktori a vin travay. Ouvriye yo sezi epi yo kanpe travay. Vè 2è nan apremidi, sipèvizè Ministè Afè Sosyal yo debake. Demen madi 10, lè ouvriye yo vin travay, yo jwenn baryè ak tout pòt faktori a fèmen, se ajan Sitadèl sekirite ki t ap tann ouvriye yo. Se konsa Jean Edouar Baker revoke 301 ouvriye san okenn prestasyon legal.

Jedi 12 fevriye 1987 direksyon JEBSA depoze nan Afè Sosyal lajan ki daprè li, reprezante prestasyon legal 301 ouvriye li te revoke yo, sa vle di boni ak konje. Preyavi pa ladan.

Yo mete lajan sa yo ansanm ak salè yon kenzèn travay ouvriye yo potko resevwa. Anvlòp yo te genyen soti nan 5 goud 10 kòb pou pipiti rive nan 410 goud pou pi plis. Men kèk egzanp:

- Ouvriye ki te gen 9 lane depi y ap travay nan izin lan, resevwa 225 goud 49 santim
- Ouvriye ki te gen 12 lane resevwa 235 goud
- Ouvriye ki te gen 14 lane ap travay, resevwa 405 goud

Ouvriye yo pa dakò resevwa ti kraze kòb direksyon JEBSA ba yo. Direksyon an pote lajan an nan Afè Sosyal, ki li menm pa dakò kenbe senk kòb. Responsab Afè Sosyal yo di se antrepriz la ki dwe peye ouvriye yo, yon fanson si kòb la pa kont, pou ouvriye yo tou fè reklamasyon.

Vandredi 13 fevriye, yon responsab JEBSA lanse nan televizyon avi rekritman ouvriye. Demen maten byen bonè, tout ouvriye te deja devan pòt izin lan. Pandan 3 jou, depi 6è maten pou rive jis nan aswè, tout ouvriye yo devan izin lan ap revandike pankad nan men yo. Jedi 19 fevriye, lapolis debake yo maspinen yon dizèn ouvriye. Men sitou Laplant, Chal Anri Bekè leve ouvriye a frape l atè, pilonnen anba kout pye. Apre espektak represyon ak vyolans patwon yo, militè ak lapolis fè sou ouvriye yo, dirijan sendika a avèk lòt kanmarad pote viktim yo ale lopital.

Vandredi 20 fevriye 1987, direksyon JEBSA debake avèk trelè pou yo bwote matryèl izin lan. Ekip ouvriye ki te toujou ap fè pòs devan izin lan

rele anmwè bare vòlè. Popilasyon Site Solèy kouri vin fè solidarite avèk yo, dirijan yo pa kapab ale ak materyèl yo.

Malerezman, mèkredi 25, pandan ouvriye yo t ap fè yon reyinyon, patwon yo pwofite sove avèk tout materyèl izin lan soti Site Solèy ale sou wout ayewopò.

Men kouman konfli ki te pete ant Sendika Ouvriye antrepriz JEBSA ak direksyon faktori JEBSA te fini. Ouvriye yo di, boujwa gen Leta pou defann enterè yo, lapolis pou pwoteje lavi ak byen yo.

Travay sou refont kòd travay.

Nan lane 2000 yo, Antèn Ouvriye pran inisyativ lanse yon ekip travay sou refont kòd travay la. Te gen plizyè òganizasyon ki te fòme ekip travay la tankou : Antèn Ouvriye, Aksyon Katotik Ouvriye ACO, Batay Ouvriye, Jistis ak Lapè, òganizasyon Popilè pou Edikasyon Popilè CHANDÈL, kriz politik 2004 la vin kanpe inisyativ la.

Nan mwa oktòb 2009, Antèn Ouvriye relanse ekip travay la. Fwa sa a, te vin genyen 3 lòt òganizasyon : Konfederasyon Travayè Sektè Piblik ak Prive CTSP, Santral Otonòm Travayè Ayisyen CATH, Mouvman Demokratik Popilè MODEP. Nou te òganize plizyè rankont. Nou deside fòme yon komisyon ki te gen pou :

- chache pwojè lwa lavalas sou refont kòd travay la avèk lòt dokiman ki nesèsè pou travay la.
- Prepare pwopozisyon yon nouvo kòd travay bay asanble òganizasyon ki nan ekip travay la.

Malerezman, katastwòf 12 janvyè 2010 la baskile tout bagay. Menm achiv nou pa wè, nan sa nou te gen tan fè kòm travay. Se konsa, nan mwa jiyè 2010 la, yon lòt fwa ankò Antèn Ouvriye relanse rankont sou kòd la. Men, pifò òganizasyon yo pa vini nan rankont lan. Asanble Jeneral Antèn Ouvriye mande pou komite direksyon an kontinye demach la.

4.2. Sant pou Pwomosyon Fanm Ouvriyèz (CPFO)

Li egziste depi nan lane 1985, li chita nan nimewo 14 ri Babankou, wout Maka, nan antre TECINA, sou wout ayewopò. Bi CPFO ap rapouswiv se : fè fanm ouvriyèz yo rekonèt pwòp fòs yo ; yon fason pou yo rive pran konsyans se yo menm sèl ki ka rive rezoud pwoblèm yo.

Kalite aktivite CPFO mennen :

- a) Pwogram fòmasyon devlopman moun;
- b) Pwogram fòmasyon dwa ak asistans legal;
- c) Pwogram fòmasyon sante fanm ki ede fanm yo prevni yon seri maladi;
- d) Fòmasyon alfa ak aprantisaj lang kreyòl;
- e) Pwogram fòmasyon prevansyon maladi SIDA ak IST, depistaj volontè VIH;
- f) Fòmasyon ajan sante ak premye swen.

CPFO gen 2 klinik k ap fonksyone anndan pak endistriyèl la. Se sèvis klinik: KFOPPP ki ofri swen nan zafè la sante. Konsiltasyon jinekolojik, dèmatolojik ak planin familyal, konsiltasyon jeneral.

Genyen « Jounal fanm Ouvriyèz » CPFO ki soti chak mwa.

CPFO te konn sensibilize ouvriye yo pou mete sendika sou pye. Gen yon moman te genyen Komite Vijilans Faktori. Men, depi plizyè lane, ouvriye yo pè pale de sendika, pou patwon pa revoke yo.

4.3. Lòt òganizasyon k ap travay nan sektè ouvriye a (Batay Ouvriye, ACO, OTR)

Nan kad Ankèt sou reyalite mouvman ouvriye Ayisyen an jounen jodi a, gen lòt òganizasyon ankò nou te chache rankontre tankou Batay Ouvriye B.O, Aksyon Katolik Ouvriye ACO, Òganizasyon Travayè Revolisyonè OTR, Union des Normaliens Haitiens UNOH nou te chache rankontre. Mo pa yo tap enpòtan nan travay sa a, paske yo ankadre travayè, yo reflechi sou

sitiyasyon travayè nan peyi a, paske yo konn pran inisyativ pou ede travayè yo pote revandikasyon yo.

Malerezman, nan tout peryòd nou t ap reyalize ankèt la, manm òganizasyon sa yo pa t gen disponiblite pou yo te rankontre anketè nou yo. Anketè nou yo te fè anpil efò pou yo te rive jwenn yon randevou ak yo; sa pa t mache. Nou te kwè yo te kapab ranpli yon fòmilè ankèt pou nou; sa pa t rive fèt non plis. Nou regrèt sa anpil. Yo te kapab pote enfòmasyon ak limyè pou ede nou konprann pi byen sitiyasyon travayè yo nan peyi a.

Nan ka Batay Ouvriye, nou te nan tout mouvman mobilizasyon sou salè minimòm lan ansanm. N ap raple, apre depite Steven Benoit te fin depoze pwojè lwa sou salè minimòm lan nan Lachanm, premye pa ki te fèt sou mobilizasyon an, se te yon konferans Antèn Ouvriye te bay nan kolaborasyon avèk seksyon Fòmasyon Kontini Fakilte Syans Moun nan mwa mas 2009. Sou tab konferans lan te genyen Didier Dominique pou Batay Ouvriye, Camille Chalmers pou PAPDA ak Sanon Reyneld pou Antèn Ouvriye.

5. RASIN PWOBLÈM MOUVMAN OUVRIYE A.

Soti 1986 pou rive 1990, te genyen sendika nan prèske tout antrepriz prive ak piblik nan peyi a. Lè sa a, mouvman ouvriye a te jwe yon gwo wòl nan tout mobilizasyon k ap fèt nan peyi a. Nou kapab sonje yon seri gwo grèv ak manifestasyon ki konn paralize Pòtoprens, pafwa tou, lòt vil nan peyi a. Men tou, patwon yo te toujou ap fè presyon epi rele lame ak lapolis vin fè represyon sou ouvriye yo.

Responsablite Leta genyen nan kraze mouvman sandikal la, nan peyi a

Leta pa gen yon politik pou kreye anlwa, pou bay moun travay. Dapre chif Leta bay ak gwo enstitisyon prive k ap fè estatistik yo, se anviwon 70 % (pousan) moun ki pap travay nan peyi a. Men tou, yo pa di ki lè yo konsidere yon moun ap travay. Pou Asosyasyon Endistriyèl Ayisyen (ADIH) genyen 8 antrepriz nan sektè soutretans lan ki anlwaye 25, 000 moun. Epi CODEVI, yon zòn franch ki chita Wanament, nan depatman

Nòdès la, gen anviwon 3,000 moun. Lè nou konsidere pifò moun ki swadizan ap travay nan peyi a, sa y ap touche kòm salè pa koresponn a sa yo bezwen pou yo viv tankou moun. Sa vle di, kesyon pa gen travay la, se youn nan pi gwo pwoblèm peyi a. Lè w ap pase nan zòn endistriyèl yo, se plizyè milye jenn fanm ak jenn gason ki kanpe devan antrepriz yo ap tann pou wè si yo ka jwenn yon vye djòb. Ki fè, patwon yo pwofite move sitiyasyon sa a, pou yo revoke ouvriye lè yo vle, pou ti krik ti krak. Se konsa, ouvriye yo menm vin gen gwo laperèz pou yo antre nan sendika. Vin jwenn, gen yon seri otorite nan Leta ki patisipe nan kraze sendika nan antrepriz y ap dirije tankou: Achiv Nasyonal, Près Nasyonal, Lapòs ak OAVCT. Mete sou sa, enspektè Ministè Afè Sosyal yo toujou la pou yo pwoteje patwon yo. Leta pa fè patwon yo aplike okenn lwa ki anfavè ouvriye ak travayè yo.

Nan aplikasyon plan neyoliberal la, Gouvènman Ayisyen yo gen 2 konpòtman anfas sendika yo:

- kraze tout sendika revandikatif ak konbatif yo
- achte lòt sendika yo pou yo pa anmède yo.

a) Kraze tout sendika revandikatif ak konbatif yo

Lè gouvènman Preval premye vèsyon an t ap privatize Siman d Ayiti, nan lane 1997, youn nan pwèn ki te genyen nan kontra a te egzije revokasyon tout ouvriye k ap travay nan antrepriz la. Efektivman, se konsa sa te pase. Ki donk, sendika Siman d Ayiti a kraze depi menm jou antrepriz la privatize. Se menm bagay la ki te pase nan Minotri. Nan lane 2001, direksyon Lapòs revoke tout ouvriye ki te fòme direksyon sendika ki t ap fonksyone nan enstitisyon an.

Pandan dezyèm vèsyon gouvènman Rene Preval la :

- Ant lane 2007 ak 2008, Gouvènman an revoke anviwon 2000 anplwaye nan Teleko. Pami yo, 20 sou 22 manm Sendika Ouvriye ak Anplwaye Teleko (SOETEL) ki fòme komite direksyon sendika a.
- Nan mwa avril 2008, arestasyon Felix Levis prezidan sendika ti pèsònèl lopital jeneral, li pase 2 mwa edmi nan prizon.

- Nan lane 2009, direksyon OAVCT revoke 5 sou 7 manm komite kòdinasyon sendika ki te genyen nan antrepriz la.
- Nan lane 2009, direksyon Près Nasyonal revoke 24 anplwaye, pami yo 5 manm komite direksyon sendika a.
- Nan mwa septanm 2005, direksyon Achiv Nasyonal la revoke tout dirijan sendika yo.

Nan kèk egzanp nou pran la yo, nou kapab wè kouman enstitisyon Leta yo patisipe nan kraze sendika nan peyi a. Alòske, atik 225 kòd travay la di “Leta dwe garanti, nan kad lalwa, dwa travayè yo genyen pou yo mete tèt yo ansanm pou defann enterè lejitim yo”. Mete sou sa, Leta ratifye yon seri konvansyon entènasyonal ki garanti dwa sendikal.

b) Mete sendika jòn pou sèvi pikankwenna sou wout mouvman ouvriye ayisyen an.

Pwojè otobis Prezidan Rene Preval la pa antre nan okenn plan pou rezoud pwoblèm transpò piblik nan peyi a. Se pito yon mwayen pou kontwòle sendika chofè yo. Se konsa nou jwenn 13 sendika k ap jere nouvo konpayi transpò piblik ki rele SONI an. Gwoup 13 sa a, te pran pozisyon kont salè minimum 200 goud la. Gendelè se yo menm ki vin anonse ogmantasyon pri gaz sou mache a. Fòk nou raple, gen youn nan sendika sa yo, ki te konn travay pou Jan Klod Divalye.

Fò n sonje, depi plizyè lane, okenn grèv pa ka reyisi nan peyi a, san patisipasyon chofè yo. Ki donk, sendika jòn yo reprezante yon menas pou devlopman mouvman ouvriye ayisyen an.

c) Ofri swadizan investisè etranje gwo avantaj nan peyi a.

Soti 1 rive 3 oktòb 2009 la, Bil Klintonn te vizite peyi a avèk yon delegasyon ki genyen anviwon 100 investisè etranje. Vizit delegasyon sa a, fè yon gwo tole nan laprès. Sa lakoz gen malere nan lari a ki byen kontan, yo pral jwenn travay. Alòske, moun sa yo plis sanble touris ki vin vizite peyi a.

Nan yon entèvyou reprezantan Ayiti nan Bank Entè ameriken Devlopman (BID), Erik Pyè bay Radyo Kiskeya li di Gouvènman Kanada te bay gouvènman ayisyen yon lajan pou fè yon kòlòk sou envestisman an Ayiti ; kòlòk sa a pa t janm fèt. Se nan kad sa a delegasyon envestisè sa yo vin vizite peyi a. Sa vle di, li posib pou swadizan envestisè sa yo touche pèdiyèm pou vizit sa a yo te fè nan peyi a. Sitou lè nou konsidere gen 22 milyon goud nan bidjè 2009-2010 la pou fonksyonman biwo Bil Klintonn. Bagay sa a, se yon eskandal. Lè nou pran salè minimòm 125 goud la, 22 milyon goud la t ap pèmèt Leta peye 564 travayè pou yon lane travay.

6. Konpòtman enstitisyon piblik yo anfas moun k ap fè rechèch sou zafè travay.

a) Ofis Nasyonal Asirans Vyeyès (ONA)

ONA: Nou te wè sekretè sekirite sosyal nan ONA, li di nou l ap voye fòmilè nou an nan sèvis estatistik. Chak fwa nou rele, nou pa jwenn okenn enfòmasyon. Avèk kesyon salè minimòm lan, antrepriz yo pè bay enfòmasyon.

Nou pale avèk 35 ouvriye, 11 ladan yo di nou patwon yo pa peye ONA pou yo, 22 lòt di nou patwon yo peye. Gen 2 ouvriye ki pa reponn kesyon an.

b) OFATMA

OFATMA : Yo te montre nou, yo te enterese ban nou enfòmasyon yo. Paske depi devan nou, yo te kòmanse ranpli fòmilè a, men yo pa genyen chif yo. Men tou, yo te pwomèt nou, y ap voye fòmilè a bay lòt reponsab ki gen chif yo, pou yo ranpli. Chak fwa nou rele, yo di nou enfòmasyon yo pòko prè. Kidonk nou pa janm jwenn enfòmasyon nan men yo.

Dapre kèk ouvriye, patwon yo pa peye OFATMA pou yo. Men genyen ki di tou, “malgre nou peye OFATMA, lè nou malad nou pa jwenn bon swen sante; medikaman yo, se achte pou achte yo nan famasi deyò”. Alòske gen lòt ouvriye ki di yo pa konnen.

Lè nou t ap gade ak ouvriye rezon ki fè patwon yo pa peye ONA ak OFATMA, gen ouvriye ki kwè se pake yo sou kontra, se djòb y ap fè. Gen lòt ki kwè se paske patwon yo mechan, se paske patwon yo pa vle depanse pou ouvriye yo. Geyen ki kwè, se paske patwon yo se Leta, yo fè sa yo vle.

c) Ministè Komès

Ministè komès :Lè nou ale nan ministè komès, yo mande pou nou voye yon lèt bay minis lan. Nou remèt lèt la, men yo pa janm rele nou. Sa fè n konprann kouman enstitisyon an pa vle bay enfòmasyon sou aktivite l ap mennen.

d) Ministè Afè Sosyal

Nan ministè sa a, yo pa t mal akeyi nou. Yo te ban nou kèk enfòmasyon. Gwo pwoblèm ki te genyen, anplwaye nou te rankontre yo, pa t kapab ban nou chif. Yo di nou, se Direksyon Travay nan Ministè a pou nou ekri, se li ki kapab ban nou rès enfòmasyon yo.

Tout ouvriye nou rankontre, di nou yon sèl pawòl « Afè Sosyal pa la pou defann ouvriye. Se enterè patwon yo toujou ap defann. Lè enspektè Afè Sosyal vizite yon antrepriz, se nan biwo patwon yo chita, yo pa janm pale ak ouvriye yo”.

Nou pran temwayaj yon ouvriye ki pèdi travay akoz patwon an fèmen izin 36, 43, 44 patwon Jean Paul Fobert. Nan lane 2008 la, Jean Paul Fobert, patwon an revoke 1500 ouvriye san okenn prestasyon legal. Patwon an deklare li fè fayit. Ouvriye yo fè demach nan Afè Sosyal, nan lokal ki chita Dèlma 33. Apre plizyè mwa y ap mache, responsab nan Afè Sosyal rele Lapolis vin kraze zo yo epi arete plizyè nan ouvriye sa yo. Jean Paul Faubert vann faktori a bay yon lòt patwon epi li pati nan peyi etranje.

Nan faktori sa a, yo te konn pwodwi mayo. Youn nan kondisyon ki te nan fonksyonman izin sa a, 6è maten fò ou deja anndan. Depi 6è maten pran ou deyò, ou pèdi 2 jounen travay pou sa. Lòt kondisyon, fò ou travay 7 jou nan semèn lan.

e) Ministè Afè Sosyal:yon bwat kote koripsyon fè kenken tankou tout lòt enstitisyon Leta yo

Atik 31 nan konstitisyon 1987 la di « Moun lib pou fè asosyasyon yo vle, pou tout kòz. Ni pou koze politik. Ni pou koze lajan. Ni pou lavi peyi a. Ni pou richès ki nan sèvo ak nan lide pèp la. Ni pou tout lòt mouvman ki dèyè lapè ». Depi tout tan Konstitisyon an egziste a, pa gen okenn lwa ki reglemante fonksyònman asosyasyon, òganizasyon. Alòske, depi plizyè lane, Ministè Afè Sosyal deside bay enstitisyon ak òganizasyon papye pou yo fonksyone. Men, an reyalite, papye sa yo pa gen fòs legal. Sa k pi grav la, pou ou jwenn papye sa a, se gwo lajan pou ou peye akote. Nou konnen gen òganizasyon ki peye jiska 3 mil goud pou yo jwenn papye sa a. Alòske, se 600 goud Ministè a mande pou peye fòmèlman. Si yon moun pa dakò pou peye kòb akote, ou kapab pase plizyè mwa rive yon lane, ou pa jwenn papye a. Tout peyizan ki vin fè papye nan Ministè Afè Sosyal, ki pa kapab pase plizyè mwa ap mache nan Ministè a, oblije peye gwo lajan. Kidonk, olye Ministè Afè Sosyal okipe l de move kondisyon ouvriye ap travay ak revokasyon abitrè, li pito ap benyen nan koripsyon.

f) Tribinal Travay

Dapre jij nou rankontre nan tribinal travay la, misyon Tribinal la se rezoud konfli ant patwon ak ouvriye nan antrepriz yo. Tout tan tribinal la egziste, misyon sa a ap toujou akonpli, paske se tout tan n ap rezoud konfli ant patwon ak ouvriye.

Lè nou mande konbyen ka konfli tribinal la trete pandan 2 dènye ane ki sot pase yo, yo di se 4 ka konfli sèlman paske Tribinal la pa t travay pandan 2 dènye lane yo akòz yon pwoblèm lokal. Men, Tribinal la konn trete ant 70 oubyen 80 ka chak ane. Tande byen, yon enstans enpòtan konsa nan Leta rete 2 lane san travay! Se kòm si yo te di kesyon ouvriye a pa enpòtan.

Antrepriz	Ane
PSS sekirite	2008-2009
Coundor	2008-2009
Caribbean Canadien	2008-2009
Evangelique institution Montain Angelo	2008-2009

Dapre pawòl jij nou te rankontre nan tribinal travay la, se ouvriye yo ki genyen nan tout ka konfli sa yo ki jije nan tribinal la. Youn nan sa ki atire atansyon nou, 4 ka konfli nou di ki trete nan 2 dènye ane yo, se ajan sekirite. Alòske, nou konnen se chak jou patwon izin yo ap revoke ouvriye. Pou ki sa ka sa yo pa rive devan tribinal travay ?

Jij la kwè travay la pa efikas. Leta dwe jwe yon wòl enpòtan pou pèmèt tribinal la reponn avèk tout egzijans kòd travay la fè. Leta dwe mete yon sistèm sekirite pèmanan pou majistra yo, pèsonèl tribinal yo, avoka yo, moun ki pote plent epi pwoteje jij yo lè pou yo pran yon desizyon.

Kòm nou eksplike sa deja, se pa done estatistik ki te pi enpòtan pou nou nan travay sa a. Jwenn enfòmasyon difisil anpil nan konjonkti nou ye a. Ouvriye pè pale ak nou, pou lòt moun pa ale di patwon, yo te wè yo ape pale avèk anketè. Yo pè pou sa pa fè yo revoke yo. Se kèk ouvriye sèlman ki te wè nesosite pou gen enfòmasyon ki bay sou sitiyasyon an. Yo te pran prekosyon tou pou lòt ouvriye parèy yo pa wè y ape fè sa. Gen mefyans ant yo. Paske pa gen yon kad òganizasyon pou ede yo wè nesosite pou gen refleksyon sou relasyon travay yo.

7. KÈK DETAY SOU FASON YO TE AKEYI NOU NAN REYALIZASYON ANKÈT LA.

Nan antrepriz prive tankou piblik nou rive pale avèk yo, nou wè koze sendika a te bay pwoblèm. Epi, menm kote sendika yo, nou gen enpresyon

yo pi rèd pase antrepriz, tèlman yo woule moun. Kote ouvriye yo, nou wè gen pwoblèm fòmasyon ki pèmèt yo asepte tout sa patwon fè yo sibi nan antrepriz yo. Pafwa nou konn mande yon ouvriye, èske antrepriz la pa gen sendika ? yo konn reponn nou, ki sa ki sendika a ? Nou konn mande yo (ki sa yo panse de mouvman etidyan yo sou salè minimòm lan ?). Yo konn reponn nou “se peye yo peye etidyan yo pou fè dezòd”.

Epi, nou ka di, konjonkti a pa t favorab pou travay la. Paske mobilizasyon sou salè minimòm 200 goud la, vin fè yo plis pa anvi bay enfòmasyon.

Nan izin UNASA, kay Acra, nan enprimri Anri Dechan, nou jwenn anpil ouvriye ki pa menm konnen mo yo rele sendika a. Lè nou mande yo (èske gen sendika? Yo mande n kisa sa vle di sendika?).

Patikilyèman nan BRANA, ouvriye k ap travay nan chaje kamyon, fè livrezon nan kapital ak nan lòt vil peyi a, yo pa gen otorizasyon pou yo antre nan lakou izin lan. Se sou twotwa wout ayewopò yo rete pou yo tann yo rele yo vin chaje chak kamyon ki antre oubyen ki pral soti. Ouvriye sa yo di, yo pa gen kote pou yo pipi oswa fè twalèt. Lè pou yo ale nan kontablite pou y al touche ti monnen y ap ba yo a, se pa 2, 3 patwon yo mande pou yo fè sa. Epi, se youn osinon 2 sekirite ki pou mennen yo. Lè nou mande yo, pou ki sa, se konsa patwon yo fè sa ? yo di yo pa konnen.

Pou Minotri, nou pa ka jwenn ouvriye yo. Daprè sa moun nan zòn lan di, travayè yo pa abite nan zòn izin lan. Gen kèk nan zòn lan, men majorite ouvriye yo, se Pòtoprens yo abite. Nan ka sa a, yo vini nan otobis yo retounen nan otobis. Ki donk, li te difisil anpil pou nou te rankontre ouvriye sa yo. Kèk grenn nou te reyisi jwenn yo pa te vle reponn kesyon nou yo. Nou te gen pou nou retounen, pou nou te gade ki lòt estraji nou kapab devlope pou nou te antre nan lakou izin lan, sa pa t rive fèt sitou nan kontèks ki te genyen plis ajitasyon sou kesyon salè minimòm lan.

Nou te kòmanse travay nou nan ANADIPP ki gen ladan yon jeran ak yon sekretè. Mal chans pou nou, se jeran an nou te jwenn, nou te oblije pran lòt randevou. Lè nou te resi jwenn sekretè a, nou prezante nou kòm moun k ap fè rechèch. Nou esplike l sektè ankèt la vize, espesyalman antrepriz prive

tankou ANADIPP. Sekretè a te kouri di nou, ANADIPP se pa yon antrepriz, se yon asosyasyon. Li te mande nou kite fòmilè pou yo reflechi sou li. Pandan yo t ap tann lèt yo te egzije pou nou pote anvan yo reponn kesyon ki nan fòmilè a.

ADIIH : Apre anpil rechèch, nou te resi tonbe sou gwo zotobre ADIIH yo, ki te nan Dèlma 33, ki deplase ale Petyonvil. kòm, yo pa t deside chita pale ak anketè yo, yo te bay yon ti kat ki gen ladan l: adrès elektwonik ak sit entènèt yo. Yo te di anketè yo, si yo bezwen enfòmasyon al chache sou sit entènèt la.

Nou te fè yon kout pye nan Chanm Komès Ayisyen. Pou kòmanse, yo mande nou li fòmilè a. Sekretè a voye je li, li wè kesyon, èske nou gen sendika nan antrepriz la ? Li reponn (bò isit la, nou pa gen bagay sa yo). Li kontinye pou li di, si nou bezwen enfòmasyon, m ap ban nou estati chanm lan k ap ban nou enfòmasyon nou bezwen yo.

Nou te vizite APCH : Yo te byen akeyi nou, epi yo te ban nou enfòmasyon san grate tèt.. Sa ki te rete nan memwa nou, te gen yon vwayajè ki pèdi yon machandiz, yo fè bilan machandiz la avèk mèt li, epi yo ba li mwatye nan kòb machandiz la koute.

Nou te pase nan yon premye tan nan Chofè Gid Ayisyen, yo te kouri dèyè nou depi nan prezantasyon Atèn Ouvriye. Yo te mande si se nou k ap monte tèt ouvriye yo. Epi, yo di nou, moun ki pou ban nou enfòmasyon yo, li pa la. Lè n te resi jwenn moun lan, li te pran anviwon 60 minit ap poze nou kesyon. Se apre sa, yo vin di nou, pou yo ta ban nou enfòmasyon fòk :Antèn ta gen rekonesans legal, adrès kote yo ka jwenn nou ak anpil lòt kondisyon ankò.

Nou te rankontre (ACIDI) prensipal konkiran chofè Gid, yo te ban nou bon jan enfòmasyon. Sa k retni atansyon nou, yo di nou depi sou Divalye Chofè Gid achte aywopò a lajan kontan, se nan yon veritab lit yo ye avèk Chofè Gid yo.

REDCARPET : Se youn nan nou ki te rankontre moun sa yo, pou jis kounye a y ap woule nou.

TROPIC S.A : Se ankò youn nan nou, ki te pale ak yo. Depi nan idantifikasyon ak prezantasyon l, yo te di : etidyan Syans zimèn k ap fè rechèch, nou pa gen moun ki ka bay enfòmasyon.

Izin glas : Nan yon ti pale nou te fè ak yon moun k ap travay nan izin glas Pòtay Leyogàn lan, li di nou (antrepriz la pa gen direksyon). Nou te vle pale ak yon seri ouvriye anndan an pou konnen nan ki kondisyon y ap travay, yo te di nou, yo pa gen ase tan pou sa.

ITALA : Nou te gen kontak avèk yon moun ki gen pès responsab andedan antrepriz la, li pran yon fòmilè, men li te di (enfòmasyon l ap bay yo, pap angaje l nan anyen). Li mawon nou, li pa janm remèt fòmilè a.

Gen antrepriz tankou :APB, Asosyasyon Otelye d Ayiti, STPH, nou pa rive jwenn yo.

Kòmèsèl : Okenn ouvriye nan enstitisyon sa a pa te vle pale avèk nou. Dayè, yo pa konsidere tèt yo kòm ouvriye.

Pharval : Lè nou prezante, depi yo li fòmilè a, yo wè mo sendika, yo kouri dèyè nou.

Faktori Dèlma 27-29 : Nou te tcheke kèk ouvriye, yo pa t vle pale avèk nou, paske yo te pè anpil. Nou te rive pale avèk yon sèl ouvriye pandan l te pral manje, li ban nou randevou, li pa vle bay okenn enfòmasyon. Li pa te janm vini nan randevou a.

ONA: Nou te wè sekretè sekirite sosyal nan ONA, li di nou l ap voye fòmilè a nan seksyon estatistik. Chak fwa nou rele, nou pa jwenn okenn enfòmasyon. Avèk kesyon salè minimòm lan, antrepriz yo pè bay enfòmasyon.

OFATMA : Yo te montre n yo enterese ban nou enfòmasyon. Paske depi devan nou, yo te kòmanse ranpli fòmilè a, men yo pa genyen chif yo. Men

tou, yo te pwomèt nou, y ap voye fòmilè a bay lòt reponsab ki gen chif yo, pou yo ranpli. Chak fwa nou rele, yo di nou enfòmasyon yo poko prè.

Tecina : Nou te mande wè responsab Tecina, yo di nou sa pa posib. Nou te deside tcheke ouvriye, apre anpil mache nou rive jwenn 2 teknisyen, ki te dakò pale avèk nou. Gen youn ladan yo ki te pral marye, patwon an pa deside ba li menm yon sèl jou kòm konje. Alòske, se yon dwa pou jwenn konje pou maryaj la.

Digicel : Malgre plizyè vwayaj nan yon seri lokal « Digicel » moun yo pa deside pale avèk nou. Yo pa konsidere tèt yo kòm ouvriye. Yo montre yo pè sa yo rele sendika a, ki sonnen mal nan zòrèy yo. Nou te rive jwenn yon tikras enfòmasyon nan men yon sèl.

Liter Kraft : Nan moman faktori sa a ta pral lage, nou te wè yon ouvriye ki di non Liter Kraft la, men li pa t kapab di kouman non an ekri. Pandan nou t ap pale ak ouvriye a, se konsa machin patwon rive, ouvriye a te kouri pou patwon pa te wè si li t ap pale avèk nou. Nou remake, ouvriye yo pè patwon yo, menm lè yo lakay yo.

SONAPI : Devan Pak Endistriyèl la, nou te rankontre yon seri ouvriye, men yo pa t vle pale devan lòt ouvriye yo kwè k ap fè siveye rapòte pou patwon yo. Gen 3 ki te deside pale ak nou, lè nou fin kite zòn pak la.

Antrepriz 4C : Nou pa te kapab jwenn enfòmasyon nan antrepriz sa a, paske moun yo pa konsidere yo kòm ouvriye. Se te 2 ajan sekirite ki te montre yo konprann travay la. Gen youn ki te ede nou ranpli yon fòmilè. Lòt la te ban nou randevou, men li pa te respekte pawòl li.

Sendika Lapòs : Nan tout sendika yo, se sendika lapòs la ki te pi byen kolabore nan ankèt la. Paske li te dakò ban nou randevou sou premye kontak nou te pran ak li.

SOETEL: Se youn nan sendika ki te fè nou mache pi plis, anvan nou jwenn kèk enfòmasyon. Pou nou te jwenn prenipal dirijan SOETEL la, nou te oblije ale nan Teleko Pon Moren pandan 2 fwa, wout Dimez 4 fwa, nan

lokal sendika EDH pandan 4 fwa. Youn nan remak nou fè, se sendika yo ki fè nou mache plis.

Sendika OFATMA : Yo te poze kèk pwoblèm ak nou tankou : adrès Antèn Ouvriye. Yo te di nou, yo pral chita an konsèy anvan yo fè nou jwenn enfòmasyon yo. Yo te ban nou randevou pou rele nan telefòn, lè nou rele, yo di nou responsab yo ale nan seminè aletranje, tann yo retounen. Apre sa, nou pa janm jwenn yo nan telefòn ankò. Dirijan sendika sa a, montre yo vrèman enterese nan travay n ap fè a. Se yon sendika ki genyen bon jan rapò ak dirijan OFATMA yo.

Ministè komès : Lè nou ale nan Ministè Komès, yo mande pou nou voye yon lèt bay Minis lan. Nou remèt lèt la, men yo pa janm rele nou. Nou ka remake, kouman enstitisyon an pa vle bay enfòmasyon sou aktivite yo.

Ministè Afè Sosyal: Nan ministè sa a, yo pa t mal akeyi nou. Yo te ban nou kèk enfòmasyon. Gwo pwoblèm ki te genyen, anplwaye nou te rankontre yo, pa te kapab ban nou chif. Yo di nou, se Direksyon Travay nan Ministè a, pou nou ekri ; se li ki kapab ban nou rès enfòmasyon yo.

8. SITIYASYON OUVRIYE YO APRE 12 JANVYE 2010

Nou konnen, 12 janvye 2010, te gen gwo tranbleman tè ki mezire 7.3 nan echèl Richter a ki te frape peyi d Ayiti. Sa te pwovoke yon katastwòf kote plis 300 mil moun mouri, anviwon 250 mil lòt andomaje, plis pase 300 mil kay kraze, anviwon 1 milyon 500 mil moun pa gen kay pou yo rete. Parapò a sitiyaasyon sa a, Antèn Ouvriye deside aktyalize ankèt la. Se yon fason k ap pèmèt nou wè, nouvo reyalyte sektè ouvriye a apre 12 janvye 2010.

Nan kad ti ankèt an diplis nou reyalyze nan mwa jiyè 2010 la sou sitiyaasyon ouvriye yo apre 12 janvye, nou rankontre 31 ouvriye k ap travay nan faktori ak nan lòt antrepriz : 10 gason 21 fanm. Epi, nou rankontre 26 travayè « **Cash for work** »: 12 fanm ak 14 gason. Sa fè nou rankontre an total 57 moun : 33 fanm, 24 gason.

Kondisyon lojman an difisil pou ouvriye nou te rankontre yo ; 15 ladan yo ap viv anba tant. Yo travay diferan kote oswa yo pa gen travay pou moman an; 15 ap travay nan faktori: 3 se pwofesè lekòl, 1 travayè kay madanm, 8 se chomè, 4 se atizan; gen 3 nan ouvriye yo ki pèdi travay yo apre 12 janvye, rès yo toujou ap travay menm kote yo te ye anvan 12 janvye. Pou sa ki nan travay yo, pa gen asirans yo kapab rete lontan ladan; gen 9 ladan yo ki gen ant 5 a 10 lane depi yo nan travay yo; gen 12 lan ouvriye yo ki poko gen yon lane depi yo nan travay kote yo ye a,

Dapre ouvriye yo, apre 12 janvye kondisyon travay yo vin pi difisil. Paske patwon yo wete sou kòb yo te konn peye anvan. Gen estòk travay ki monte pil sou pil, sa fè yo ogmante kota pwodiksyon yo. Yo di nou : « kòm nou bezwen travay, nou retounen apre 12 janvye, men responsab yo pa t ban nou bon akèy ». Lòt chanjman ki genyen, yo te konn bay pòz a midi kounye a, se 1è30. Sitiyasyon an tèlman vin pi mal, pou nenpòt ki bagay yo revoke w. Gen moun ki gen 2 lane, yo revoke san touche 5 kòb kòm dedomajman. Bagay la di pou nou anpil. Yo pa repekte moun, yo di w sa yo vle. Yo vin fè nou travay pi plis. Pa gen chanjman, travay la vin pi mal, travay la vin pi di. Ouvriye yo pa t vle travay akoz yo pè. Sou kesyon salè minimòm 125 goud la, 28 sou 31 ouvriye di wi, patwon yo respekte l.

An jeneral, ouvriye yo pa konnen konbyen moun ki t ap travay anvan 12 janvye, ni ki valè moun nan izin yo ki mouri nan katastwòf 12 janvye a. Men, nan yon ti pale tou kout nou fè avèk 2, 3 ouvriye, yo di nou gen ant 800 a 1000 ouvriye ki mouri nan izin kafou a. Men, yo pa konnen konbyen ouvriye nan izin lan ki andomaje. Anketè yo pa janm ka rankobtre okenn responsab faktori sa a. Majorite moun nou pale ak yo, di patwon yo revoke anpil ouvriye apre 12 janvye.

Kondisyon travay yo apre 12 janvye?

Apre 12 janvye sitiyasyon an pa chanje konsènan salè. Men yo te pase 3 mwa anvan yo te peye yo. Se menm bout di a, pi rès pase fè: difisil, twòp travay, yon lè gen travay, yon lè pa genyen. Patwon yo revoke anpil ouvriye nan rès ki te rete yo, pou mete moun pa yo. Tout bagay vin pi chè. Pa gen

respè pou ouvriye, kè w ap sote tout jounen. Depi yon ouvriye reponn telefòn yo revoke w. Pi fò ouvriye patwon yo revoke nan moman sa yo, se pou telefòn.

Konpòtman patwon yo apre 12 janvyè

Yo te konsidere nou kòm fantòm, paske prezans nou pa t enpòtan pou yo nan etablisman an. Apre 12 janvyè, pa t gen ankadreman di tou. Patwon yo pa konsidere ouvriye kòm moun. Gen kèk izin ki te bay ouvriye yo tant, pandan 2,3 fwa yo bay kit manje. Nan izin yo, se sitou sipèvizè ak monitè k ap maltrete ouvriye yo, se lòd patwon an pase yo. Touswit apre trableman tè a, yo te soup. Men kounye a nenpòt ti bagay ouvriye a fè yo revoke l san pri avi. Depi w an reta yo retire nan lajan w. Ou gen metye, ou pa jwenn travay se sa k fè nou rete travay nan faktori, se yon travay ki difisil anpil. Lè ouvriye yo revandike pou kòb yo, patwon an revoke yo. Yo peye anreta, yo rele sou moun.

Sitiyasyon fanmi ouvriye sa yo

Nan nivo sitiyasyon famiyal, 21 nan ouvriye nou pale yo di yo gen pitit, soti youn pou pipiti rive nan 4 pou piplis. Lè nou mande yo si timoun yo te lekòl anvan 12 janvyè a, 16 nan yo reponn wi, timoun yo te lekòl anvan 12 janvyè, 12 nan lekòl prive 4 nan lekòl Leta. Dapre menm moun sa yo, timoun yo kontinye ale lekòl apre 12 janvyè menm kote yo te ye.

Fason ouvriye yo wè lavi yo apre 12 janvyè a

Yo di nou, sitiyasyon an vin pi konplike, yo oblije fè lòt bidjè pou fanmi yo. Men, pou mwayen ekonomik lan li pa bon di tou. Lavi yo vin pi mal apre 12 janvyè, paske yo pa gen kay, yo nan lari. Ti kòb yo peye a pa ase. Lavi a vin pi difisil, lavi a konplike, paske manke travay. Bagay yo pi rèd, lavi a vin pi chè pou malere, 125 goud pa ka fè anyen, machann yo vann manje pi chè. Lavi a vin 4 fwa pi mal pou malere, pou moun ki anba tant yo, selon sa yo di nou.

Yo di lavi a pa bon, paske se nan menm move sitiyasyon faktori a yo retounen; pa gen espwa. Gen yon ouvriye ki declare “patwon m revoke m, paske m abite Bèlè”. Lavi a vin pi difisil pou mwen, paske m gen timoun pou m voye lekòl ak nan fakilte, ti kòb m ap touche a pa pèmèt mwen regle tou sa. .

Nouvo dimansyon : « Cash for work » apre 12 janvyè.

Nan pati ankèt sa a, nou pale avèk 26 moun, 12 fanm ak 14 gason. 11 nan moun sa yo ap viv nan kan. Gen ladan yo ki pa t pase lekòl ; lòt moun yo gen nivo primè ak segondè, 2 ladan yo t ap travay kay moun. 6 te nan chomaj. 4 te nan aktivite komès. Rès yo te konn travay sou divès metye oswa te nan aktivite atizana; moun sa yo te konn mennen aktivite travay kay madanm, komès, netwyaj nan lekòl, fritay nan lari, chaje machin....

Kòman yo te jwenn djòb la

17 nan travayè nou rankontre yo, di se yon moun ki fè yo jwenn djòb la. 11 ladan yo di nou, se san okenn kondisyon. Men 6 di yo gen pou yo separe kòb yo touche a ak moun ki te ba yo djòb la..

Kondisyon travay nan cash for work la

Nan moun nou te rankontre yo, genyen ki te gen sèlman 8 jou nan djòb la, genyen ki te sou 3 deja. Men yo pa konnen konbyen tan y ape fè ladan. 18 moun di nou yo pa gen okenn dire kontra, lòt yo pa reponn kesyon sou dire kontra a. 20 ladan yo di yo touché chak kenzèn, rès yo di yo touché chak mwa. Yo di nou yo touche 200 goud pa jou epi yo travay 6 jou pa semèn (pou 13) oswa 5 jou pa semèn (pou rès la). Yo sou travay la sotii 7è nan maten pou rive 1è apre midi oswa 8è nan maten 2è apremidi.. Yo touche swa nan CHF, (3), ACF, (3) GAOL, (2) ARC, IRD, legliz advantis.

Se yon aktivite kote pa gen prokosyon pou sante travayè yo. Yo di nou, yo pa gen ni kach nen, ni gan, ni bòt; yo pa gen dezenfektan. Epi y ape travay nan pousyè siman, penti ak risk pou yo tonbe sou kadav moun kòm bèt ki an dekonpozisyon oswa ki fin dekonpoze.

Nivo satisfaksyon travayè yo

10 nan moun nou te rankontre yo te reponn yo satisfè, paske :

- ti kòb la ede yo okipe pitit yo;
- yo pa te gen anyen yo t ape fè; kounye a gen yon ti kòb k ape antre nan men yo;
- li ede yo jwenn mawayen pou yo okipe tèt yo ak pitit yo;
- li pèmèt yo voye pitit yo lekòl.

15 moun ki di yo pa satisfè paske:

- paske ti kòb yo peye a twò piti, yo deja dwe li anvan yo touche;
- yo estime yo pa peye pa rapòta travay yo fè; yo pran kouraj yo pou gran mesi;
- paske y ape travay nan move kondisyon;
- yo oblije travay menm samdi ;
- pa gen avni pou peyi a ak kalite travay sa a ;

Yo ajoute se:

- kòm pa gen anyen pou nou fè, yo oblije fè travay sa a ; yo bouche nen pou, pou yo bwè dlo santi; se kondisyon sosyal yo ki oblije yo fè li.

Jan moun yo wè travay la

1.

Yo estime se yon travay itil, paske se dekonb kay yo y ape debleye. Yo di li ta bon, si yo te peye nou plis kòb. Antouka, li fè yo genyen yon salè, epi li mete pwòpte nan zòn nan. Li bon pou peyi a, men li pa bon pou ouvriye yo ; li pa kapab satisfè bezwen yo. Yo imilye moun. Pa egzanp, ou konn fin travay, depi lè a poko rive, ou oblije chita bò lari a. Si nou te gen yon Leta ki t ap pran ka sitwayen yo, se pa travay sa a nou ta fè.

Pa gen ase materyèl. Kondisyon yo pa bon, menm dlo yo pa jwenn pou yo bwè. Lajan an twò piti. Travay pou 8 moun ta fè, se 2,3 moun yo bay fè l. Yo di nou yo konn blese pandan n ap travay, yo pa okipe yo. Yo pa sansib pou moun. Se travay nan solèy cho, yo riske pran maladi, alòske ti kòb la pa ka mennen lopital. Yo manke respè pou moun.

Remak pou ouvriye nan faktori yo

Dapre yon ouvriye k ap travay nan faktori, pifò moun li wè yo revoke devan l, se pou koz pale nan telefòn. Gen moun yo revoke san patwon yo pa konnen. Moun yo fè konnen, kondisyon y ap travay yo pa bon di tou, paske lavi a vin pi chè apre 12 janvye. Pou ouvriye yo, 125 goud la rete menm, alòske tout sa yo konn achte pri yo double. Dapre moun nan faktori yo, patwon, sipèvizè ak kontwolè pa gen okenn respè pou yo. Ouvriye yo di, lè yo pèdi inèdtan nan travay la, patwon yo pa peye yo dimach. Majorite moun k ap travay nan faktori, pa gen metye, se youn nan rezon ki fè yo oblije reziye yo nan move kondisyon travay.

Depi apre 12 janvye, faktori yo ogmante tarif la. Si w manke 50 pou fè tarif la, yo pa peye w. Yo te konn bay dlo glase, yo pa bay li ankò.

Nou te pale avèk ouvriyèz F. A.. Yo peye li 125 goud; si li fè tarif la, yo ka peye li 300 goud. Men sa pa fasil ; nan fè efò pou li rive fè li, li konn rete travay jis 6è nan aswè. Tout timoun F.A. yo ale lekòl nan yon ofelina. Sa vle di li pa gen posiblite pou li peye pou pitit li. .

Obsèvasyon nou fè

Ouvriye yo pè bay enfòmasyon, yo pa vle bay non yo. Li difisil anpil pou rankontre ouvriye yo, yo toujou prese ni nan maten lè y ap antre nan travay, ni nan apremidi lè yo soti nan travay. Nan lè poz manje vè midi, ouvriye yo pa gentan pou yo pale ak moun, se an kouran y ap manje. Se kèk grenn ki konn fè yon ti pale ak moun, men yo tou pè pou sipèvizè pa wè yo ap pale ak moun. Lè yo bay nimewo telefòn pou rele yo, ou pa janm jwenn yo nan telefòn. Yo konn bay randevou nan wikenn, ou pa wè yo. Dimanch, se sèl jou ouvriye yo regle tout zafè yo; poutan genyen ki konn al travay mèm jou dimanch lan.

Rive reyalize ankèt sa a, se pa yon bagay ki te fasil, lè nou konsidere endisponibilite ouvriye yo. Lè nou konsidere tou, reyalite moman an, kote gen plizyè ONG k ap bay lajan gratis. Ki donk, rete pale avèk ou nan reponn

yon bann kesyon, yo konsidere se tan yo, y ap pèdi paske ou pap ba yo anyen.

Nan yon izin Tò 65 kote yo fè mayo, non izin lan pa ekri, pèsonn nan zòn lan pa konn non izin lan. Ouvriye yo pa dakò pou pale ak moun. Dapre yo, bay enfòmasyon, se pou konplike lavi yo pi plis toujou. Yo mande èske se djòb osinon ki lòt bagay n ap ba yo. Apremidi, yo di yo fatige, yo paka rete pale. Lè w mande yo randevou nan wikenn, yo pa dakò. Depi apre mouvman sou salè minimòm lan, gen ouvriye ki vin pi pentad nan bay enfòmasyon. Dapre kèk moun nan izin Tò a, tarif la vin pi chè soti nan peryòd batay pou salè minimòm lan pou rive jounen jodi a. Ei, bagay yo vin pi difisil, revokasyon yo fèt pi souvan.

Remak sou « Cash for work » la

Gen moun ki fè nou konnen, se nan plas yon lòt moun y ap travay. Sa vle di, se pa moun k ap travay la ki pral touche lajan an. Ki donk, moun k ap travay la, pa konnen lè l fin travay konben l ap touche. Yo bay plis fanm travay. Men, yo travay 6 jou nan semen lan. Alòske, gen yon kote ki travay 5 jou.

Gen moun ki wè travay la kòm yon bon aktivite, li ede yo pran swen tèt yo. Se konsa tou yo repwoche move kondisyon y ap travay, nan solèy, pousyè, san bòt, san kachne, san gan eksetera. Gen moun ki deja malad akòz pa gen mwayen pou yo pwoteje tèt yo kont mikwòb.

Anketè yo te pale avèk moun ki travay nan 4 ONG sa yo: CHF, ARC, ACF, GOAL. Travayè CHF yo di nou yo gen tout materyèl travay yo tankou: bòt, pèl, wou, pikwa, bwouwèt, kachne, gan, kepi, linèt. ONG sa a genyen anviwon 97 ekip nan Pòtoprens, chak ekip gen 11 travayè ak yon chèf ekip. Li fè woulaman chak 2 kenzen.

Nan ka GOAL, lè nou rankontre travayè yo, nou remake yo pa gen okenn materyèl pou pwoteje yo. Chak ekip travay li yo genyen 20 travayè ak yon chèf ekip. Nan pale avèk youn nan travayè yo, li fè n konnen, moun ki te fè l jwenn travay la mande pou l ba li 800 goud lè l touche.

ARC (America Refugee Committee) baze nan kan Akra Dèlma 30. Travayè sa yo gen materyèl pwoteksyon. Dapre yon chèf ekip, se yon komite 9 moun yo te fòme nan zòn lan, epi y al mande travay nan ONG a. Chak ekip gen 9 travayè, yon chèf ekip ak yon asistan chèf ekip.

9. KAYE REVANDIKASYON MOUVMAN OUVRIYE AYISYEN AN.

9.1. Ouvriye ak travayè yo bezwen mwayen lajan pou yo viv tankou tout moun.

a) Yon salè desan pou pèmèt ouvriye ak travayè yo viv tankou

Tankou nou konnen, malgre anpil batay, represyon, arestasyon ak prizon, patwon yo ak Leta k ap travay nan enterè boujwa yo, derefize bay ouvriye yo 200 goud kòm salè minimòm. Se konsa, yo fikse 125 goud kòm salè minimòm ouvriye nan faktori yo. Se vre, se yon ti gany sektè ouvriye a rache apre anviwon 6 mwa batay. Men tou, nou konnen 125 goud pa jou pa ka regle anyen pou ouvriye yo. Paske, menm boujwa sa yo mete ak Leta pou touye malere anba lavi chè.

Men yon ti kalkil san nou pa bezwen gwo save nan zafè chif. Pou yon fanmi ouvriye ki genyen 5 moun ki pran 2 repa pou yon jounen.

Tabblo III: Manje maten

Pwodwi	Kantite	Goud	
		Pri youn	Pri total
Espageti	2 sachè	25.00	50.00
Otdòg	2	8.00	16.00
Aransò			10.00
Lwil	1 Glòs	8.00	8.00
Pat tomat			5.00
Bè			2.00
Zonyon	1	5.00	5.00
Epis			10.00
Chabon	1 mamit	25.00	25.00
Chadèk	4 (yon lo)	5.00	20.00

Sik	½ ti mamit	10.00	10.00
Glas			5.00
		TOTAL =	166.00

Tablo IV: Manje apremidi

Pwodwi	Kantite	Pri youn	Pri total
Diri pèpè	2 ½ (ti mamit)	25.00	62.50
Pwa nwa	1(ti mamit)	40.00	40.00
Vyann bèf			100.00
Lwil	2 glòs	8.00	16.00
Bè			5.00
Pat tomat			3.00
Epis			10.00
Zonyon	1	5.00	5.00
Glas			5.00
Chabon	2 mamit	25.00	50.00
		Total =	296.00
Total tablo 1 =166 :00	Total tablo 2 =296 :00	Gran total	462 :00

San nou pa pran tout lòt depans ki fèt nan kay la chak jou. Lè nou pran 462 goud x 31 jou =14322 goud. Alòske 125 goud x 26 jou travay = 3250 goud. Ki donk, nou wè ouvriye yo se pou ale sanatoryòm y ap vann fòs kouraj yo bay patwon yo. Ki fè, kesyon salè a rete yon pwen enpòtan nan kaye revandikasyon ouvriye ak travayè Ayisyen yo.

b) Kreyasyon travay pou ogmante pwodisyon nasyonal peyi a

Se yon dwa chak moun genyen pou yo ap travay. Lè yo mou nap travay, sale w ap touche a ta dwe pèmèt moun lan satisfè tout bezwen li genyen yo. Gen yon bann moun yo di k ap travay ann Ayiti, se nan chomaj degize yo ye. Tankou etidyan yo di sa, se yon bann esklav ki nan faktori yo. Sa vle di, li

klè lè n ap pale de travay pou pwodiksyon nasyonal, nou pap pale de soutretans.

Lè nou pale de kreyasyon travay pou pwodiksyon nasyonal, nou vle di se gade ki sa peyi kapab pwodwi pou satisfè bezwen popilasyon an anvan tout lòt bagay. Pa egzanp nou konnen sektè agrikòl la gen anpil kapasite pou pwodwi. Sa vle di, gen posiblite pou kreye anpil djòb nan sektè sa a. Men, pa gen okenn Leta restavèk ki kapab pran desizyon pou devlope pwodiksyon nasyonal la. Se sèl yon Leta granmoun ki kapab pran responsablite sa a mete sou do l.

Nenpòt ki moun gen dwa travay lib. Tout sitwayen dwe nan yon travay ki nan gou yo, yon jan pou yo kapab reskonsab ni tèt yo, ni fanmi yo. Yo dwè met men, ansanm ak Leta, pou vin genyen yon sistèm ki va pèmèt moun ki nan bezwen, jwenn èd nan men Leta (atik 35 konstitisyon 1987 la)

9.2. Kondisyon sosyal ouvriye ak travayè yo dwe chanje

a) Bon kondisyon travay pou ouvriye avèk travayè

Tout ouvriye nou rankontre panadan ankèt la, esplike nan ki move kondisyon y ap travay. Ouvriye yo bezwen :

- bon dlo trete pou yo bwè tankou tout moun k pa travay nan antrepriz yo
- travay nan yon espas ki pa gen chalè
- sèvyèt disponib pou lè medam yo gen règ yo
- Machin pou transpòte yo ale nan travay, retounenen lakay yo
- Kafeterya pou jwenn bon manje byen balanse epi nan bon pri

Atik 32-2 : konstitisyon 1987 la di :Leta dwe kontwòle si tout travayè travay nan menm bon kondisyon, ni pou pwoteksyon yo, ni pou lajan yo touche kòm salè, kit se fi, kit se gason, kit se moun marye, kit se moun kip a marye. Kwayans yon moun ak sa li panse, pa gen anyen pou wè ak sa.

b) Leta dwe bay ouvriye ak travayè yo kay pou yo rete

Atik 22: konstitisyon 1987 la di: Leta rekonèt tout sitwayen gen dwa pou yo jwenn kay pou yo rete. Alòske, Leta pa gen okenn pwojè lojman. Jounen jodi a malere pa ka lwe kay nan Pòtoprens. Mèt kay monte yo nenpòt kilè, nenpòt ki pri. Sitiyasyon kay chè a vin pi grav nan peryòd okipasyon an.

Leta ta dwe egzije antrepriz yo konstwi kay pou lwe ouvriye yo nan yon pri ki pa wo. Annatandan nou gen yon Leta ki gen yon vizyon pou ouvriye ak travayè yo, n ap pote revandikasyon sa a anfas dirijan ki la yo.

c) Leta dwe bay pitit ouvriye ak travayè yo lekòl gratis

Se konstitisyon 1987 la nan atik 32-1 ki di:bon fòmasyon pou tout sitwayen, sou kont Leta ak moun ki alatèt chak zòn peyi a. Se pou yo rive mete lekòl gratis pou tout moun. Se pou yo kontwole si moun k ap fè lekòl yo, alawotè, ni pou lekòl Leta ni pou lekòl prive. Ouvriye, travayè ak tout mas popilè yo dwe mobilize pou fòse Leta ba yo lekòl pou pitit yo jan konstitisyon an di sa.

9.3. Respè dwa lalwa bay ouvriye ak travayè yo.

Men sa atik 225 : kòd travay la di :Leta garanti epi pwoteje nan kad lalwa dw travayè yo genyen pou yo mete tèt yo ansanm pou defann enterè lejitim yo. Epi Ayiti siyen konvansyon entènasyonal sou dwa sendikal. (chache konvansyon entènasyonal la)

KOTE NOU YE, JODI A?

Nan fen lane 80 yo, mouvman ouvriye a te jwe yon gwo wòl nan diskisyon politik yo, nan diskisyon sou lavni sosyete ayisyen an. Li te jwe gwo wòl sa a apati santral sendika yo. Santral yo te toujou pran pozisyon nan chak konjonkti ki te parèt. Te gen anpil sant oswa gwoup travay ki te apiye ouvriye yo ak sendika yo, sitou nan kesyon fòmasyon ak asistans legal.. Epi ouvriye yo te konn mache nan liy direksyon santral sendika yo te konn pran yo. Nou kapab di te gen yon mouvman ouvriye fò.

Nou dwe rekonèt tou, si te gen anpil santral, mouvman pa te fè yon blòk se te deja yon siy feblès. Gwoup ki te apiye ouvriye yo oswa sendika yo pa te

kon rankontre non plis pou yo te adopte yon menm estrateji. Depi nan peryòd saa, te deja gen santral sendika yo te akize ki te patisipe nan maspinay sou travayè. Nan yon afich Ti peyizan Tèt Kole te pibliye sou masak Jan Rabel an 87 la, nou wè te gen yon sendika “Sendika Fat Flat” pami enstans ki t ape pilonnen peyizan yo. Nou pa kwè non saa te egziste vre. Men li te sanble yon ti krasak non yon santral sendika ki t ape travay nan zòn kote grandon t ape toupizi peyizan yo a pati yon bran peyizan li te genyen. Sa vle di, tout santral yo pa te nan liy defann travayè peyizan yo..

Men anpil moun te kwè te gen posiblite pou te ranfose òganizasyon ouvriye yo, ede defann pi byen kòz travayè yo. Paske yo te kwè santral ak sendika ki apiye tout bon travayè yo t ape vin pran fòs chak jou pi plis.

Men nou te di tou, anpil fwa, direksyon santral yo te konn mennen òganizasyon travayè ale mare nan pye tab politisyen dwat e gòch. Anpil nan dirijan yo t ape chache okazyon pou yo ale nan pòs politik. Depi nan lane 90 yo, sa te kòmanse mache mal pou ouvriye yo.

Koudeta 1991 la ta prale kraze pak endistriyèl la. Pa te gen anpil antrepriz ankò. Li ta prale ratibwaze dirijan popilè yo: ladan yo te gen anpil dirijan sendika, anpil manm sant ki t ape apiye sendika yo. Lè retou 94 la, mouvman ouvriye a te deja afebli. Men li ta prale kontinye pran kou, lè yo t ape “koopte” kèk nan rès moun ki t ape apiye sendika yo, pou voye yo ale travay nan biwo avèk lè kondisyone epi fè yo bliye mas travayè yo.

Gen sant ki ta pral sispann travay ak ouvriye; responsab yo ale fè lòt bagay, ale nan lòt pòs. Epi Leta ta pral kòmanse antre nan liy “ajisteman estriktirèl”, neoliberalis la mande a. Ministè yo ak antrepriz Leat yo t a pral pwoffite pou voye dirijan sendika yo ale, yon fason pou yo fè Enperyalis la plezi epi pou li kenbe yo nan djòb..Kèk nan faoktori yo te rete ouvè, kèk te reouvè pòt yo. Men yo pa janm rive nan nivo lane 80 yo. Epi yo vin gen plis fòs pou yo toupizi ouvriye. Dayè gen moun ki te konn maltrete travayè, nan lane 80 yo, ki prezante tèt yo , kòm depite, kòm kandida pou pòs prezidan epi ki jwenn òganizasyon ki te sanse nan liy defann travayè apiye yo, nan lane 2000 yo.

Mete sou sa, peyi a vin sou okipasyon. Gen fòs sou plas pou defann enterè enperyalis yo Anpil vwa ape pwopoze zòn franch, pou okipe bra travayè yo. Men nou konnen, nan zòn franch yo, ouvriye yo gen anpil difikilte pou fè revandikasyon yo pase.

Men nou te wè, nan lane 2009, ouvriye yo te mobilize, pou yo te defann dwa yo. Gen sektè nan sosyete a tankou etidyan, sant pou ankadreman yo, kék entèlektyèl ki te apiye yo. Depite yo ak senatè yo ki di yo se reprezantan pèp la pa te apiye yo. Gouvènman an te chache tout agiman, pou li di 200 goud yo te mande kòm salè pa jou a twòp. Èske sa vle di pèp la pa te chwazi bon reprezantan ?

Mobilizasyon an pa t bay rezilta trevayè yo t ape tann nan, Li te sèlman montre gen posiblite pou travayè yo batay pou yo defann fos kouraj yo. Men jodi a, sitiyaasyon an malouk. Li vin pi malouk ankò, apre tranbleman tè 12 janvyè 2010 la. Paewon pa vle tandè mo sendika. Menm ouvriye yo pè mo sendika a. Lè saa ou mande ki jan ouvriye yo pral fè defann enterè yo?

Antouka, jodi a, li nesesè pou yon bon diskisyon fèt nan peyi a sou kondisyon lavi travayè yo. Si gen moun k ap fè fòtin, se paske gen travayè k ap pwodwi byen ak sèvis nan sosyete a. Travayè k ap pwodwi richès yo pa kapab ap viv nan kondisyon degradan sa a. Fòk gen refleksyon ki fèt yon fason pou sitiyaasyon an chanje. Li nesesè pou rechèch fèt sou kesyon an, pou nou wè ki fason pou nou ankadre ouvriye yo, ki sipò pou nou pote pou yo. Li nesesè pou jenès peyia enfòm epi pran konsyans sou sitiyaasyon an ; sepoutèt sa a, nou dwe pran responsablite fè deba sou kesyon an.

Degi#1

1- Pwojè lwa pou amande Kòd Travay la

Pwojè lwa senatè Jean Hector Anacasis ki mande amande atik 120, 121 ak 122 kòd travay la.

Nan fen mwa septanm 2009 la, senatè Jean Hector Ancasis prezante yon pwojè lwa devan chanm sena a, pou amande atik 120, 121 ak 122 kòd travay ki pale sou travay lannuit.

« Atik- 120: Yo rele travay lannuit tout travay ki fèt soti 6è diswa pou rive 6è di maten. Y ap peye travay lannuit ak yon ogmantasyon senkant pou (50%) pou pi piti anplis salè lajounen an. Ogmantasyon sa a pa anpeche ditou aplikasyon mezi lalwa p[ran ki konsène ovètay ak travay ki fèt jou dimanch ak jou ferye. Travay lannuit pa otorize tout lè. Yo otorize li sèlman nan ka kote travay sa a pa ka fèt lajounen. Epi, yo paf è travay lannuit kanmenm si se yon travay ki ka fèt lajounen.

81

Atik- 121 : Nan ka jounen travay miks, sètadi travay ki fèt moso lajounen moso lannuit, tout sa atik 120 an di sou kesyon travay lannuit la ap aplike pou pati ki fèt lannuit yo.

Atik-122 : Lè travay la se lannuit li fèt nòmalmman, se pou sa parèt aklè nan kontra travay la, epi li fèt pou yo di yon fason byen klè salè nòmalmman lan, plis sa y ap ba li anplis lè lannuit lan. »

Men pwopozisyon lwa senatè Jean Hetor Anncasis la :

Article 1 : Les articles 120, 121 et 122 du chapitre IV du code du travail actuali 1 : Les articles 120, 121 et 122 du chapitre IV du code du travail actualisé traitant du travail de nuit sont demeurent abrogés.

Article 2 : Le travail de nuit est celui exécuté entre six heures du soir et six heures du matin.

La durée de 1 journée du travail de nuit est de huit heures. Il en est de même de la journée mixte comprenant des heures de jour et des heures de nuit.

Degi #2: Kantite lajan yon depite koute peyi a.

Men kantite lajan yon depite koute travayè Ayisyen yo (an goud)	
Frè pou premye enstalasyon	110,000:00
Pou achte machin	630,000:00 (15,000 dola ameriken)
Kòb li touché chak mwa	110,000 :00
Lajan li jwenn chak mwa kòm frè	37,000:00
Kòb li genyen pou telefòn	10,000 :00
Kòb pou l mete gaz nan machin li	10,000 :00
Kòb pou yon dezyèm kay pou l abite	250,000 :00
Kòb pou biwo an pwovens	150,000 :00 (chak ane)
Kòb pou peye moun k ap travay nan biwo	75,000 :00
Kòb pou peye ajan sekirite ak chofè	25,000 :00
Kòb pou fèt chanpèt nan peyi depite a	35,000 :00
Katòzyèm mwa pou depite a	110,000 :00
Kòb pou siklòn 2008	90,000 :00
Total	1,642,000 :00

Lè n konpare kantite lajan yon depite koute peyi a ak 200 goud kòm salè minimòm yon ouvriye, ki sa ki fè peyi a plis mal?

Degi #3: Enfòmasyon:rapò sou seminè Wanament nan dat samdi 28 -29 novanm 2009.

Pou kòmanse

Semine sa a te gen pou tèm: analiz konsekans politik Lwa Hope yo sou peyi Dayiti. Anndan tem sa a nou te rive a) dezabye epi analize dokiman Lwa Hope yo nan konjokti nasyonal la, b) gade reyalite kondisyon travay ouvriye

yon nan nouvo konjokti a, c) gade nouvo konjonkti kondisyon travay ouvriye yo epi, d) pwodui kek pis pou pespektiv ak suivi.

Moun ki te anime seminè sa a, se te Camille Charlemers ak Junior (PAPDA), Yanick (Batay Ouvriye), J. Fritz Beaubrun (Antèn Ouvriye) ak kèk ouvriye ki te fè temwayaj.

Analiz Lwa HOPE yo (PAPDA)

Na premye pwen an Animatè Charlemers te fè yon kout pye nan listwa relasyon peyi Dayiti ak Etazini soti 1915-1934, peryod blan meriken te mete yon dominasyon militè sou Ayiti pou l te kab souse richès peyi a pou devlope sistèm enperyalis la lakay yo; 1962-1969, peryod kote Francois Duvalier pral siyen akò ak miltinasyon Etazini pou kreye de zòn franch nan peyi a (SONAPI ki se yon zòn franch leta ak SHODECOSA ki pou lafanmiy Meurz) pou rive jouk nan ane 2000-2006, peryòd yo vin ogmante zòn franch nan peyi a nan kad yon seri akò yo rele Lwa HOPE.

Lwa HOPE yo se pitit ZLEA, Zòn Lib Echanj pou Amerik yo, Etazini te mete sou pye nan lane 1994. Kòm konsekans akò sa, ekonomi tout lòt peyi nan Amerik la tap mare nan pye tab ekonomi Meriken. Nan yon gwo rankont chèf Leta peyi Amerik yo te fè nan “Mar del Plata” peyi Ajantin nan mwa novanm 2005, chèf Leta yo di Bush, bagay sa pap bon pou nou, nou pap seyen l, e lè sa a te gen 350 mil moun nan lari ki tap rele “aba ZLEA= plan lanmò!”. Konsa Bush te tounen nan peyi l byen wont.

ZLEA mouri nan pil! Pou meriken reyalize pwojè dominasyon yo an, yo pral itilize yon lòt estrateji nan siyen akò bilateral ak peyi amerik yo. Se nan konsa yo vin mete sou pye CAFTA-DR, Akò Lib Echanj pou peyi Amerik Santral yo-Repiblik Dominikèn. Peyi ki nan CAFTA-DR yo se Etazini, Gwatemala, Kostarika, Panama, Salvadò, Nikaragwa ak Sendonmeng.

Pou Ayiti menm, yo vin ak sa yo rele Lwa HOPE yo. Lwa sa se kongrè meriken, kidonk palman meriken, ki vote l pou Ayiti. Se yon lwa ki vote nan lang anglè, popilasyon ayisyen lan, Palman ayisyen an pa gen okenn enfòmasyon sou li. Yo pran lwa sa nan yon kontèks kote gen gwo gwo

pwogrè teknik ki fèt nan endistri Etazini, e endistri zegwi vin pa entèrese ouvriye meriken ankò, konsa yo foute yo nan gagann peyi pòv yo tankou Ayiti.

Kisa lwa sa yo di? Yo prevwa retire taks ladwann sou rad ki koud nan Zòn franch an Ayiti lè yo rive Etazini. Rad sa yo se kilòt, soutyen, pantalon, bèg, mayo, elatriye. Dezyèm kondisyon ankò, lwa sa a prevwa retire prensip yo rele “la règle d’origine” nan. Sa vle di tout rad ki pase an Ayiti, menmsi se yon bouton, oubyen yon pòch ki monte an Ayiti, yap konsidere l kòm pwodui ayisyen.

Premye kontra Ayiti siyen nan kad akò sa rele Lwa HOPE 1, li seyen l pou yon peryòd youn lane (2006-2007), dezyèm la rele Lwa HOPE 2 yo seyen pou yon peryòd 10 lane (2008-2010). Gen yon Lwa HOPE 3 ki pako egzekte, se Clinton ki gen responsabilite egzekte twazyèm pwojè saa. Fòk nou presize Lwa sa yo ranplase Akò CBI (2000-2005) ak HERO (2005-2006) ki depase mòd

Pou pwojè sa yo kontinye, Leta ayisyen dwe respekte tout angajman li pran devan kongrè meriken an. Angajman sa yo se: 1) travay pou gen demokrasi ak respè dwa moun, 2) privatizasyon tout antrepriz piblik epi Leta ayisyen pa dwe kreye lòt antrpriz piblik, 3) elimine tout obstak ki kab anpeche machandiz meriken antre an Ayiti, 4) elimine tout obstak ki kab anpeche bisnismann meriken fè investiman an Ayiti, 5) respekte dwa travayè ak dwa sendika. Kongrè meriken dwe veye si Leta ayisyen respekte tout kondisyon yo.

Kondisyon travay ouvriye yo.

Nan yon ti koze Batay Ouvriye ak Antèn Ouvriye te fè ak ouvriye yo, nou wè travay nan zòn franch makawon anpil. Selon lalwa, ouvriye yo ta dwe travay 8è tan nan jounen an, men yo ogmante kantite modil, sa fè yo blije travay pandan 10zè jouka 12è tan nan Faktori yo. Yo sibi anpil zak vyolasyon seksyèl. Nan temwayaj yo fè, lè ouvriyèz yo jwenn revokasyon san rezon, yo blije kouche ak administratè, sipèvizè pou yo kab rejwenn travay la. Souvan se menm moun sa yo ki fè revoke medam yo, kòm

strateji, pou yo kab kouche yo. Dlo yo mete pou bwè a pa bon, se yon dlo yo rale nan larivyè Masak ki pa byen filtre. Ajan sekirite ki nan zòn franch maspinen ouvriye jan yo pito; nan yon ti koze nou te fè konsa konsa ak kèk ladan yo, yo menm di nou patwon yo ba yo “droit de vie et de mort” sou ouvriye yo. Pou sekirite yo fè travay la, se gwo zam lagè patwon yo mete nan men yo tankou fizi “M. One”.

Anplis nou rive wè tou, faktori yo se kouraj moun ki entèrese yo. Kou ouvriye fin bourike twòp, li pa kab fè anyen ankò. Lè sa a, y ap ranplase l ak lòt moun ki pi jenn. E moun sa yo ki fin bay tout kouraj yo nan faktori, yo pa kab fè anyen ankò pou yo viv, nan laj 40-50 lane. Menm ouvriye k ap koud sou machin, yo pa kab koud ankò apre lè yo kite travay faktori, se pyès yo monte, yo pa ka koud yon rad ankò.

Salè yo peye ouvriye pa pèmèt yo peye manje yo achte kredi nan zòn franch CODEVI. Sa fè machann manje nan zòn nan gwoupe yo an asosyasyon pou defann dwa yo. Asosyasyon machann manje nan CODEVI konn fè manifestasyon, grèv pa fè manje. Lè yo beswen voye mesaj bay ouvriye yo, yo mete yon gwo bandwòl devan antre zòn franch la. Manchann manje yo konn voye reprezantan yo rankontre ak patwon yo pou rezoud pwoblèm saa, patwon yo pa dakò chita ak yo.

Selon obsèvasyon pa nou, majorite moun k ap travay nan zòn franch yo jèn anpil. Obsevasyon sa a pèmèt nou reflechi ak ouvriye yo sou konpòtman Leta ki pa vle mete lekòl ak inivèsite pou jenn nan peyi a. Konpòtman sa a rantre dirèk dirèk nan enterè miltinasyonal yo. Piske konpòtman sa annakò avèk youn nan kondisyon plan neyoliberal la, ki mande Leta privatize tout enstitisyon piblik epi pran desizyon pou pa kreye lòt ankò. Paske si Leta kreye bonjan Lekòl pwofesyonèl ak inivèsite pou tout moun, zòn franch yo pap jwenn jenn gason ak jenn fanm pou bourike. Finalman, ouvriye yo, bò kote pa yo, te jije travay nan faktori sanble tèt koupe ak lesklavaj, se papa ak pitit, men youn se ansyen lòt la se modèn.

Ki pèspektiv devan sitiyasyon sa a? (Ouvriye yo, PAPDA)

Nan kad refleksyon pou rive jwenn yon chimen pou yon lòt pèspektiv, anpil ouvriye, bò kote pa yo, pat kache satisfaksyon yo pou seminè saa ; yo estime se pa yon ti gwoup moun sèlman ki ta dwe jwenn seminè sa a, fòk menm travay la ta fèt nan chak seksyon kominal tout peyi a, pou tout moun kab rive konsyantize. Konsa va gen yon gwo leve kanpe pou bat chatbari dèyè eksplwatè yo. Gen sa ki mande fòk se yon revolisyon ki pou fèt, pou pran pouvwa a, pou sa kab chanje. Genyen tou ki t ap mande kilès pou yo vote nan eleksyon k ap rive yo la a. PAPDA, bò kote pa l, te entèveni pou di sitiyasyon yo pa dwe rete konsa. Se nan yon batay manch long pou sa chanje, nan pale ak konsyantize moun. Fòk gen yon chenn solidarite ant ouvriye nan Wanament ak ouvriye nan Pòtoprens ak tout kote nan peyi a, solidarite ant ouvriye, peyizan ak etidyan. Se tout moun sa yo ki dwe met ansanm pou mennen yon batay konsa!

Pou fini

Rapò sa bay gwo pwèn nan sa ki te fèt, li pa bay detay. Nou kab jwenn detay sou fòm odiovizyèl sou sit PAPDA, tankou foto, son ak dokiman seminè yo. Fòk nou raple tou nou pa t gentan wè tout pwèn ki te nan pwogram nan tankou “konjonkti nasyonal ak entènasyonal, kondisyon travay”, akòz nou te anreta.